

Eseye Rann Bondye Yon Sèvis San Se Pa Volonte

Bondye

65-1127B

Washington Youree Hotel, Shreveport, Louisianne,

Etazini

1 Frè minis yo, ak nou menm zanmi yo deyò laba, mwen di se yon privilèj pou m isi a maten sa. Ak yon entwodiksyon tankou sa, enben, mwen pa konn kijan m ap janm rive atenn nivo sila a.

2 Men pou jis chita la ap pale, Frè Nolan, m pa kwè m te janm rankontre yon moun jis egzaktman (Nou tout nou fèt nan diferan moul, men pa menm Bondye a.) tankou Frè Jack Moore, hmm-hmm, ebyen, se sèten li te ...Frè Nolan fèk sot di, “Depi lè m te isit la avè l...” (limenm li se bofis li), e jan li te aprann renmen l ak respekte sajès li ak bagay konsa. E pou sa, m ka di “amèn” pou sa. Pakèt bèl bagay...tan ke nou te ansanm, limenm avè m, ak Frè Brown, Frè Boutliere isit la. Dèzòm de Dye ki de byen ke m renmen ak tout kè m.

3 Epi la mwen—mwen wè nou tout pa p pi jèn, ebyen, m jis ap panse a tan an la k ap veye nou pandan n ap chanje depi apeprè ventan pase n ap travèze dezè yo, e latrize ansanm lè nou te pi jèn. Men jis pou konnen ke gen yon Peyi kote nou pap janm vyeyi. Nou va rankontre la ankò yon jou.

4 Yèswe kan m t ap kite tabènak la, te gen yon ti dam ki te etann dèyè a la sou branka, ki te di, “Frè Branham, sa fè de zane...” m kwè manzè te paralize. Li te di, “Ou te di m...” M bliye kisa remak dam lan te ye kounye a, se te yon bagay tankou, m espere m pap mal site l. Li te di, “Ke aflikasyon sa m te genyen an se t ap pou yon bi,” oswa yon bagay konsa, ke li ta pral gen yon ti bebe. Ke li patka konprann kijan sa t ap ka fèt ak limenm ki nan kondisyon sa.

5 Men yon bo jènòm kanpe la, ki te di, “Mwen se ti bebe sa ke l te fè a.” Li te di, “m se ti bebe sa ke l te genyen an.”

6 E gen sitèlman bagay ki te rive sou wout la, nou pa menm gen tan pou la pou pale sou sa. Nou va fè sa lòtbò a.

7 Epi chapit Òm Dafè sa a, m pa fè pati de ankenn òganizasyon, mwen kwè jan nou tout konnen an, men mwen...Sa a se sèl gwoup ke m asosye m avè yo, ak yon kat fratènite, se... Yo entèdenominasyonèl, se jis dèzòm dafè. Yo te yon gwo èd pou mwen ak jan de ministè ke Seyè a Papa nou te ban mwen an. Se...Se pa egzakteman paske mwen pa renmen òganizasyon; se jis yon ministè ke yo ban mwen, e si m pa fidèl a apèl sa, alò m ap vin yon moun ki pa fidèl a Bondye.

8 E, m t ap panse, jis anvan m te kite Tucson, petèt anpil lan nou te la, yon jou m te Los Angeles, t ap pale ak chapit sa. Te gen...M te jis ap mete pou òganizasyon petèt on ti—on tijan fò. Mwen—mwen pa t fè ekspres pou sa te konsa. Si n ap panse a fè mekanste, la mwen te ka yon ipokrit. Ou pa dwe fè sa, non, sa a se jis ap voye pwent sou moun. Men m t ap pale de yon pyebwa ke m te wè nan lakou Frè Sharritt. Li te gen apeprè senk diferan sòt de fwi ladann. E mwen te di, “m pa t janm wè yon pyebwa konsa nan vi mwen.” Se te yon...li te gen chadèk, li te gen sitwon, li te gen mandarin, ti mandarin, zoranj, tout kalite k ap grandi nan menm pyebwa a. M te di, “Ebyen,” “Se sèten mwen—mwen pa konprann bagay sa. Se kijan de pyebwa sa ye?”

“Se yon pye zoranj.”

Li te di, “Ya.”

M—m te di, “Kouman sa fè fèt?”

Li te di, “Sa se lè w grefe.”

E m te reponn, “O, m konprann.”

9 Li te di, “Yo tout sot nan fanmi agrim, e nenpòt pyeba ki soti nan fanmi agrim ka...ka grefe.”

10 M te reponn, “Mwen konprann.” Alò m te kòmanse on tijan ap rele fò, nou konnen, paske m se yon moun ki emosyonèl epi ki gen nè.

11 Kifè, li te mande, “Sa k genyen?”

12 E m te reponn, “Ebyen, m te jis ap panse a yon bagay.” E m te di, “Bon m vle poze w yon kesyon.” M te di, “Kounye a, lane pwochèn kan boujon yo va sòti, pap gen zoranj, ti mandarin, chadèk sitwon; yo tout va zoranj paske se yon pye zoranj, se pa vre?”

13 Li te reponn, “Non, non. No, chak branch ap pwodui selon espès li.”

14 M te di, “m konprann.”

15 Konsa sa te toujou ap sonnen byen, paske mwen...nou konnen mwen te...natirèlman m gen yon diplòm Inivèsite Hartford ak tout lòt inivèsite yo, ou konnen. Kifè–kifè mwen...obsève *lanati*, sa se meyè inivèsite ke m te jwenn, inivèsite Kreyatè a. Kidonk si m obsève sa a, mwen jwenn mesaj mwen yo nan fason m wè lanati aji.

16 E m te di, “Ebyen, sa jis fè m santi m vrèman byen.”

17 Li te mande, “Kisa k genyen?”

18 M te reponn, “M jis t ap panse a yon bagay.”

19 Kidonk, jou sa, m t ap preche sou sa. E m te di, “Bon, nou wè, kan leglis te fèk kòmanse, se te...Jezi di...” M t ap preche sou Jan 15. “Mwen se pye Viy rezen an, nou se branch yo. E chak branch ki pa pwodui fwi va koupe, brile.”

20 E yon moun te jis monte sou mwen vrèman di sou sa, pou ap di, “Ou wè, ou te di, m t ap panse si w te vrèman ranpli ak Sentespri epi sove yon sèl fwa, ‘ou pa t ap ka elwaye w de sa.”

21 “Se vre.”

22 Li te mande, “Sa k pase a sa a?”

23 M te di, “La w ap pale de yon sijè diferan. Li t ap pale la konsènan pote-fwi, pa konsènan Viy rezen an; L ap pale de pote fwi, pa Lavi a. Li te di, ‘Ebyen, jis koupe pyebwa a ankò pou l grandi, pote fwi.’”

24 Li te di...

25 Epi mwen te reponn, “Bon, ou wè, pyebwa sa, kan l te kòmanse, li te otantik nèt ale, Kreyen selon Bib la. Apresa vin gen yon branch yo rele Literyen, Metodis, Batis, Prezbiteryen: sitwon ak ki lòt ankò.” M te di, “Nou wè, li baze sou non Kreyente, men li...L ap viv de Pyebwa sa, men l ap pote pwòp espès denominasyonèl li. Ou wè? Men,” m te ajoute, “si jamè pye zoranj sa ta lese pouse yon lòt branch limenm, sa t ap pote zoranj tankou l te ye nan kòmansman an.”

26 Sa te bay ke, te gen chita la, dirijan yon gwo...youn nan pi gran òganizasyon Pannkotis yo. M pa konn kijan pou m prezante sa pou tout moun ka konprann ke se pa t ide pa m kòm kwa–kòm kwa–mwen–mwen kont frè, sè sa yo; sa a fo. Moun sitèlman mal konprann mwen, e m pa konn poukisa. Ou wè? Moun yo panse ke mwen pa menm kwè nan moun ki pral legliz. Sa elwaye yon milyon mil de Laverite. “Nou dwe rasanble tèt nou ansanm, sitou lè nou wè jou a ap apwoche.” Ou wè? Nou dwe vin ansanm nan inite. Nou ka pa...

27 Si m ap viv nan yon vil epi yo pa gen anyen la ke yon...ebyen, yon legliz (m pa vle site ankenn non), men jis nenpòt legliz, si yo sèlman kwè yon sèl bagay, tankou Jezi te Diven, epi tout rès la fo, m ta pral nan legliz sa. Si m paka jwenn yon pen an antye, mwen—m ap pran yon tranch. Ou wè? M va al tandè, adore Seyè a, epi montre L ke m ap fè pati pa m nan. Mwen vle L konnen ke m vivan. Mwen—mwen...vle tout moun konnen pozisyon m. Mwen rasanble ak Kreyen, epi la ap adore epi—epi sèvi Seyè a.

28 Men sa tèlman difisil, mwen...sa te konn deranje m sitèlman, apres a m te reyalize ke menm Seyè nou an yo te mal konprann Li nan sitèlman anpil bagay. Li te konn di yon bagay, e yo te konn...te mal konprann. Mwen panse ke sa jis dwe konsa. Men sila yo ki saj va konprann. Ou wè? Bib la di sa. Y ap sezi Sa.

29 Kidonk maten an pandan m t ap di sa...Mwen te di, “La, yo—y ap viv ak non Kreyente a, men y ap pote movèz sòt de fwi a. Yo pote fwi denominasyon. Yo tabli yon bagay e y ap viv de li, pou ap elwaye yo de Lavi an menm.”

30 Se sa m t ap eseye di yèswa a, ke espri sa ka batize nan Espri a epi kanmenm pa yon Kreyen. Ou wè? W ap viv plogè sou menm Vi a, men fwi w ap pote a di sa ou ye. Ou wè? Se vre. Ou wè? Yo ka opere tout siy yo, epi priye pou malad, epi geri malad, louvri jye, ak chase demon, epi—epi fè tout bagay sa yo, ap viv branch sou menm Vi ki la, men kanmenm se yon sitwon. Ou wè? Se vre. “Pa fwi yo, yo konnen w,” Jezi te di. E konsa apre nou jwenn...

31 E lè m te kite estrad la, gwo dirijan sa te leve, li te di, “Se pa sa l vle vrèman di.” Li te ajoute, “Nou konnen ke nou tout grefe ladann.” Ebyen, se vre ke nou grefe, byen grefe, se vre; men pa nan Viy rezen an, grefe. Kifè apre li te di...te kòmanse on jan—on tijan ap manke m dega ankò.

32 Te gen yon jèn zanmi la, m kwè se yon vedèt sinema. Non li se Danny Henry, e li te yon jèn gason Batis. Ebyen, li te vin sou estrad la pou pase men l nan kou m, e li te di, “Frè Branham, m espere ke sa pap sakrilèj, men,” te di, “mwen kwè ke sa ta prèske 23yèm chapit Apokalips la.”

33 E m te reponn, “Mèsi.”

34 E li te kòmanse ap di lòt bagay epi li te kòmanse pale an lang, yon jèn gason Batis. E lè l te fè sa, te gen yon—yon fanm ki sot isit la an Louisianne, manzè te yon Fransèz, on jan de gwo gwo fanm, li te ekri entèpretasyon an.

35 Ebyen, apres a te gen yon lòt jenn zanmi laba isit la ki te yon Fransè, li te ekri sa l te di a. Yo te konpare nòt yo, e yo toulède te menm.

36 Alò yon gran gason byen eklere, ki te kanpe dèyè nèt la nan Clifton's Cafeteria, te avanse ap mache. Li te di, "Ban m wè nòt sa yo. Mwen vle wè kisa yo te di."

37 E yo toulètwa te menm bagay pou entèpretasyon an. Li te yon entèprèt pou Nasyon Zini, yon entèprèt Fransè. E sa te di konsa:

Poutèt ou te chwazi chimen sere e etwat sa, chimen ki pi difisil la, ou te fè sa pa pwòp chwa pa w...

Men ala yon desizyon gloriye ou te pran, paske se CHEMEN PA M.

Ou wè? Epi sa te di...e sa te kontinye pou di la:

Sa a, kòm tèl se sa k ap akonpli, epi reyalize, pou mennen, ap akonpli, vikwa ekstraòdinè nan Lanmou Diven an.

38 Ou wè, toujou, menm an Fransè, vèb la anvan advèb la la nan–nan–nan entèpretasyon sa. Kidonk nan sa m paka di...Moyiz, li te fè chwa pa l, li te oblije fè chwa pa l. Nou tout oblije fè chwa pa nou epi fè pi miyò ke nou konnen. Epi Bondye...mwen respekte mesaj nenpòt moun bay konsènan Bondye. Mwen...kèlkeswa sa l ye a, mwen respekte sa ak tout kè m.

39 Bon, m wè yon jèn frè ki te vini sa fè yon titan, Frè Stringer, m kwè ki sot anba an Louisianne...oswa Mississipi, li te pote kèk foto la pou nou ke w te wè nou t ap gade. Se te foto Anj Seyè a, kan L te parèt. Konbyen moun ki te tande istwa a? Mwen sispèk nou chak isi a te tande l. Nou genyen l sou bann, e latriye.

40 Kounye a, yo te di m sa yon maten a dizè, pandan m te kanpe nan chanm mwen an Indiana. Yo te di m ke m t ap Tucson, bonè nan maten, m ta pral retire yon pikan chadon (jan nou rele l la, yon pikan tèt-kabrit) nan janm pantalon mwen. Epi sèt Anj te vini ak yon eksplozyon konsa, ap fè tè a eklate ak tout lòt bagay, pou...wòch yo te detache nan montay yo ap woule, e sèt Zanj te kanpe la.

41 M te di, "Ebyen..." m te di madanm mwen, li kèkpa prezan maten an, "Prepare tout bagay paske on moun paka egziste a bagay sa nan ankenn fason," m te di, "pou chape sa. M pral Tucson, travay mwen fini isi sou tè a. M ap rantre Lakay pou m ka avèk Seyè Jezi."

42 "Ebyen," manzè te di, "èske w sèten?"

43 M te di, "Wi. Ya, pèsonn paka–paka reziste a sa. Pa gen ankenn fason pou fè sa."

44 M te jis fin preche *Sèt Aj Legliz Yo*. Se lè sa m te rele ti Frè de byen nou an, Jack Moore pou mande l konsènan zafè sa, Jezi, nan Apokalips 1, ki kanpe la ak cheve blan ak tout bagay konsa.

45 M te di, “Li te yon jèn Moun.” E se la ke revelasyon an te vini konsènan pote yon perik, e non pa vrèman Limenm; Li te pote yon perik (e mwen patka konprann sa), antan ke Divinite Siprèm. E ansyen jij yo gen abitud sa an Izrayèl, yo te oblije gen tèt-blanch. E koulè blan reprezante bagay ki pi. E jij Anglè yo konsa jouk jodi a, nan lakou siprèm an Angletè, ap pote yon perik blan lè y ap prezante yo, paske pa gen ankenn lòt lwa ki siperyè a lwa pa yo sou tè a. Ou wè? E yo se jij siprèm.

46 Mwen sonje ke m t al la an Arizona epi tout bagay konsa, m t ap eseye fè posib mwen pou...M te pè amò. M t al nan reyinyon Phoenix lan. Epi ou sonje, m te preche mesaj, *Mesye, Ki Lè Li Ye?* Nou sonje sa? M te di ke m te wè sa, m te di, “Anvan sa rive, sonje, ENSI DI SEYÈ A, ‘Yon Bagay pral rive.’” Pwobableman nou gen bann yo nan bibliyotèk kounye a. Epi la m te di, “Sonje kounye a vizyon yo pa janm fayi. ‘Yon Bagay pral rive’ Sonje!”

47 E kèk jou apre sa, mwen t ap enkye te m, e m te panse, “Ki bagay sa? Èske m pral mouri? Si...m espere sa ap rapid konsa m ka m va pase sou sa. M pa vle ap trennen.”

48 Yon maten Seyè a te di, “Monte anwo sou tèt Sabino Canyon.”

49 Epi mwen te monte la anwo a ap leve menm yo, pou ap priye. M te santi yon bagay te frape menm. Se te yon epe. Bon, ou ka jis imajine w kouman ou t ap santi w, pandan w kanpe la pou kont ou epi men yon kouto nan men w apeprè longè sa. M te rale l desann ap gade l. Se te jis yon kouto, youn nan yo...e mwen pè kouto, de tout fason. E li te gen yon—li te gen yon—yon metal, yon bagay tankou youn nan jan de kouto sa yo, tankou metal yo travay oswa yon bagay konsa, vrèman file epi pwenti. Li te gen yon pwaye toutotou la, kote konbatan an gen abitud ponyen l, pou anpeche l koupe men youn lòt, e—e li te gen pèl nan manch lan la. Li te jis byen chita nan menm egzaktman. Ebyen, m te fwote figi m e m te gade dèyè.

Drèt nan menm anplasman sa, lòt jou, m te wè yon ti kolonb blanch desann. M va di w konsènan sa pi ta.

50 E mwen te kenbe sa nan men m, m t ap panse, “Sa a etranj. Kounye a, Seyè, mwen...èske m pèdi tèt mwen?” Pa gen pèsonn la. Mwen a dè mil elwaye de moun e men yon epe. M te gen men m leve anlè, ki kote sa te soti? E m te panse, “Sa se bagay ki pi etranj. Bon gade la, se yon epe.” Ou wè, m te touche l, e se te yon epe. E m te di, “Pa gen pèsonn moun ki kanpe la. Mwen anwo a la sou tèt wòch sa yo, jouk anwo sou tèt mòn lan.” E ou patka menm wè Tucson apati de la, li te sitèlman lwen anba.

51 M te panse, “Bon, sa a se yon bagay etranj. Kounye a, sa dwe twouve l kèkpa nan viwonn lan, Yon Moun ki te ka kreye epi fabrike yon epe pou mete l nan men m.” M te di, “Sa te ka sèlman Bondye menm ki te kreye yon bouk pou Abraham lan, ki te ka kreye ekirèy sa yo,” ke nou te tandè a. Epi m te di, “Men materyèl la, twa sòt de materyèl ladann, e m kenbe l nan men m jis osi reyèl ke nenpòt lòt bagay m te ka kenbe nan men m.”

52 E mwen te tandè yon Vwa, ki di, “Sa a se Epe Wa a!”

53 E m te panse, “Bon, ki kote Sa soti? M te jis la sou tout longè nan mitan wòch yo kèkpa.” E m te kenbe l nan men m konsa, e m te di, “epe yon wa.” Sa se pou...yo fè moun chevalye avèk—avèk yon epe, m panse se te sa, nan lame oswa yon fason konsa, yo fè moun chevalye avè l, ou konnen. Epi m te di, “Ebyen, se a sa sa ap sèvi pwobableman. Sa vle di ke petèt m ap gen poze men sou minis, oswa yon bagay konsa, pou konsakre yo nan ministè.” E apres a mwen...

54 Yon Vwa te retounen pale ankò, pou di, “Epe Wa A!” Pa yon wa; Epe Wa a! Ou wè?

55 M te panse, “La, se oubyen m ap pèdi tèt mwen, panse m te deraye, oubyen gen yon bagay k ap rive, gen yon moun ki te kanpe toutotou la bò kote m.”

56 E frè mwen, bagay sa yo se verite. M pa—m pa konn kijan pou m di nou, nou te toujou wè sa rive toujou fason sa. E se...M patka konprann sa. Kidonk...Se sansasyon ki pi etranj.

57 M te kanpe la. M te panse, “Bon, kèlkeswa Moun sa ki t ap pale avè m pandan tout vi m, depi m te yon ti bebe gason, toupiti, Li kanpe drèt la, e m patka wè L ditou.” M te di, “*Epe Wa A?*” Sa t ap...se Bondye ki Wa a. “E kisa epe sa ye?”

58 “Pawòl la, yo te mete l nan men m.” Sa te di, “Piga w pè lanmò, sa konsène ministè ou.”

59 O, lala! M te desann sot sou montay sa al fè wout mwen, ap rele, rele byen fò, ak vwa m byen fò, ap sote sou tèt wòch yo. M te desann, m te di madanm mwen, m te di, “M pap pral mouri, ou wè, se—se—sa konsène ministè mwen.” (M te di manzè pou vini ak Billy Paul la, epi pran timoun yo. M te di, “Kounye a, m pa gen anyen, men legliz va pran swen nou pou nou pa grangou ak bagay konsa, e m va—m va rankontre nou sou lòtbò a.”) Epi—epi manzè...m te di, “Non, m pap mouri, se yon bagay ki konsène ministè mwen.”

60 Kèk jou apre sa m t ap sot nan yon reyinyon; m te resevwa yon telegram de twa paj, sa te soti laba Houston, Texas. E nonm sa ki te kritike m sitèlman jou swa yo te pran foto Anj Seyè a, yo te pran foto l la nan Houston, li te fè apèl a mwenmenm, li te di...te voye yon telegram, madanm lan te di, “Frè Branham, mwen konnen, ou okipe. Pitit gason m nan (pitit gason sèTed Kipperman) sou pwenn mouri sou chèz sa.” M te di...(Sa k t ap rive si se te Billy Paul?) Limenm

te di, “Li ak yon ti pitit fi t ap dwe mouri.” E nou tout te li sa nan jounal la, natirèlman. E sa te di, “Sèl espwa nou genyen se si w ta vini pou fè yon reyinyon pou rasanble moun yo ansanm.”

61 Raymond Hoekstra te deja ekri m plizyè fwa, men nou konnen, m te planifye apre reyinyon sa pou m t al fè lachas ak Mesye Mc Anally epi lòt yo. E m te panse, “Ebyen, si m kite timoun sa yo mouri, san m pa fè yon efò, m pap janm ka al lachas ankò.”

62 Kidonk m te reponn, “Dakò, m ap vini.” M te al Houston, m te fè reyinyon an, e natirèlman...yo pat janm mouri, yo jis...yo te jwenn lavi. E se sa yo te vle yo fè, jis ba yo lavi. Bon sa fè apeprè venteyen lane, mwen kwè, nan–nan Texas.

63 Kifè apresya, pandan m t ap retounen, m te al sou montay la e m te ale avèk Frè Fred Sothmann. Li isit la kèkpa. Frè Fred, ki kote w ye? Drèt la. Frè Fred Sothmann, Frè Gene Norman; yon jou,se te dezyèm jou nou te la, Anj Seyè a te desann drèt la nan kan an kote nou te ye a, e L te kòmanse ap pale konsènan timoun pa yo ak bagay yo t ap fè.

64 M te pati retounen sou kolin lan. E m te deja gen kochon sovaj pa m, m t ap eseye chase youn nan viwonn lan pou Frè Fred. Konsa m te jwenn kote yo te konn abitye manje sou bò kolin lan, e m te di, “Ebyen, la, m ap di w kisa m pral fè, Frè Fred.” M te di, “Kounye a, monte sou pwent sa nan bonè maten.” N ap monte anwo a la lè jou leve, grenpe sou montay al. “Epi al la lè l fè jou, mwenmenm m va ale laba lòt kote a. Bon, mwen pap tire yo, men si yo kouri vin nan chimen sa, m ap tire devan yo pou fè yo retounen. Ou va pran youn ki gra.”

65 Li te reponn, “Dakò.”

66 Konsa Frè Fred te al laba a. E Frè Gene Norman (M pa kwè Frè Gene la, èske l la?), limenm li te—li te sou lòtbò a. Anpil nan nou konnen Gene Norman, yon bon zanmi pou anpil, yon frè de byen. Li te desann on tijan pi ba. Kote, kochon sa yo konn ye, yo jis pat la jou maten sa. E m te ka wè Frè Fred, m te voye men ba li, li te a anviwon yon kilomèt edmi de mwen. Ebyen, m te panse, “Ki kote yo te ka ale?” M te desann nan yon gwo ravin, epi desann, m te panse, “M ap gade si m te ka jwenn kote yo ye.” M te kòmanse ap remonte. Se te jis on tijan apre jou leve, solèy te jis apèn kòmanse soti.

67 M te fè tou yon gwo tonton krevas, o, lala, dè santèn e dè santèn de pye an pwofondè, se te jis gwo wòch nan gwo krevas sa la, gwo panno mi sa yo. E sa te on jan ap vin...solèy la t ap leve, li te apeprè setè, mwen kwè, oswa yon bagay konsa. Epi m te chita e m t ap gade toutotou, sa bay ke je m te poze sou pye pantalon m e te gen pikan tèt-bèf sa, tankou epin/wons. E m te di, “Ou konnen, sa sanble etranj. Ou konnen, Anj Seyè a te di m mwen t ap a karant mil distans nordès Tucson, mwen t ap retire pikan tèt-bèf sou janm pantalon m.” Nou sonje sa? Se pa vre? Wi, mesye. Ou wè? “Sa etranj.” Sa te nan men m.

68 E m te jis leve tèt mwen, m te wè apeprè ven kochon a anviwon senksan vèj de mwen, ki t ap soti al manje ti zèb filari sa epi lonje atè. M te di, “Bon, si te ka jis jwenn Frè Fred pou fè l fè tou a al nan pati sa la, li t ap jwenn kochon pa l la drèt la. Men m konnen li te apeprè a yon kilomèt edmi oswa de kilomèt de mwen kounye a. Kifè,” m te di, “si m te ka travèse ti krèt sa san yo pa wè m, pa anwo ak ti pye risen an la,” m te di, “si m fè tou a bò kote sa, gen yon ti chimen pou bich ki desann bò kote sa, m ka kouri monte la epi kite wout la. Epitou kwoke yon ti bout papye isit la kote m konnen m ka endike pou swiv, nan krevas la, m ap ka jwenn Frè Fred la jis a tan.”

69 M te jete ti pikan tèt-bèf sa atè, epi bliye bagay Sa. E m te kòmanse ap travèse kolin lan vrèman trankil pou ap gade dèyè, yo pa t wè m, e m te kouri desann pou jwenn ti chemen pou bich sa. M te gen yon bèl gwo chapo nwa sou tèt mwen. M te kòmanse ap kouri monte atravè ravin sa ak tout vitès, e sa te rive.

70 Tout tè a nèt te ebranle, tout kote. Wòch gwosè sa te woule desann, pousyè t ap vole *konsa*. E m te gade, e devan m te gen sèt Zanj ki te kanpe; jis egzakteman jan sa te ye a. M santi kòm si m te sòlve kite tè. An premye, m panse yon moun te tire m, ou konnen, ak chapo nwa sa sou tèt mwen; yo te ka pran m pou yon jan de kochon sovaj, lu konnen yo fonsè. M panse yon moun te tire sou mwen, tankou yon...vrèman pwòch. E mwen—m te wè la kisa sa te ye. Ebyen osito ke...M te resevwa komisyon m, nan Lekriti, “Sèt So yo ki se sèt mistè yo.” Ou wè?

71 Yon moun te di m, te di, “Kounye a...” O, li te di, “Ebyen, la, yon jou Seyè a va pwobableman revele pou ou sa bagay sa yo ye (ou konn fè vizyon, Frè Branham), nou tou ka vin pi pre Bondye pou gen plis pwisans ke nou genyen ak pale an lang ak bagay konsa.”

72 M te reponn, “Sa paka fèt fason sa.”

73 Paske, ou wè, m kwè Pawòl la se Laverite. E Bib la di, “Nenpòt moun ki ajoute yon mo oswa ki retire yon Mo soti ladan L.” Sa dwe nan Pawòl sa. Ou wè? Se mistè sa yo ke moun yo te pase sou yo a, paske drèt la se la Mesaj mwen an te soti *Semans Sèpan* ak vrè Kwayans konsènan sekirite kwayan an.

74 Mwen pap desann frè Prezbiteryen m yo la, ak kèk nan nou frè Batis yo sou fason nou pran sekirite a. M pap di sa pou m parèt diferan, men nou jis pat genyen l fason kòrèk la. Ou wè? Se vre. Ou wè? Men, mwen tou, m te fo. Men kan yon Anj ki sot nan Syèl te kanpe pou di w, men ni drèt la nan Lekriti, Sa se verite. Ou wè? Se vre. Ou wè. Li toujou pale egzakteman tankou Lekriti.

75 Se la m te obsève sa jouk sèk sa te monte, te kòmanse ap baleye monte, e yo te chanje vin tankou yon limyè mistik, tankou yon brouya. Jis egzakteman fason...Konbyen moun ki te wè foto L ke yo te pran nan Houston lan? Prèske nou tout. Ou wè? Ebyen, se senpleman fason sa sa te ye. Li te chanje vin menm bagay la, Li te kontinye pral pi wo e pi wo.

76 M t ap kouri epi kouri, ap eseye jwenn Frè Fred ak lòt yo. Apre yon ti tan, apeprè yon demi è pi ta, m te ka wè l jisk anba a, ap voye men l; ak Frè Gene ki t ap vini, ap fè babay. Yo te konnen ke yon bagay te rive. Kidon la m te vin avè yo. Sa se Frè Fred ki chita drèt la.

77 Pandan m t ap monte, m pa t konnen ke tou obsèvasyon yo ak bagay konsa ale jisk Mexique, t ap pran foto sa. Life magazine te rapòte l alòske Li t ap monte. E anpil nan nou...Men Life magazine ki rapòte foto L. Yon bagay misterye isit la, e yo di ke yo pa konnen ki kote sa te soti; li twò wo. Li depase tout esfè yo ak tout lòt bagay konsa pou vini...Li twò wo pou se ta brouya, paske se trant mil de wotè ak vennsèt mil lajè apre l te fin monte wotè sa. Pa menm gen imidite oswa anyen anwo a la, ou wè.

78 Yo te panse ke se te yon avyon; kifè yo te verifye tout kote, pa t gen ankenn avyon anlè la jou sa. Ou wè, yo te oblije, poutèt sa te ebranle fenèt ak bagay konsa. "Pa t gen ankenn avyon anlè la." Men ni la nan magazine lan, sa ap di w menm bagay la. E—e li te kontinye e kontinye. E jodi a drèt nan...

79 Men ni nan magazine *Lasyans*, kote, yo paka konprann. Yo pa konn kisa Sa ye.

80 Tucson, nan inivèsite a, yon zanmi m t al la lòt jou pou ap pale avè yo konsènan sa. Yo te di, "Nou paka konprann sa ki..."

81 Mwen te di, "Piga w di anyen, sa pap sèvi a anyen. 'Piga jete pèl ou devan kochon.'" Ou wè? Se pou Legliz, pou Moun Eli a, sila yo rele soti a. Ou wè?

82 Apresa yo chak t ap vini, ap di, "Frè Branham, mwen wè foto w la isit la. Mwen wè sesí. Mwen..." Nou konnen jan sa ye. Men imaj baleyaj byen long sa—sa jan frè sa genyen l la kote li...Ekskize m. Men trajektwa kote L te kòmanse monte, ap baleye monte. An reyalye sa se te sou bò dwat. E nou tout nou sonje m te di, "Anj espesyal la ki te sila ki t ap pale avè m nan, te sou bò dwat," menm anvan sa te rive. Nou sonje? Zèl li yo te pwente dèyè *konsa*. Sa a se egzakteman zèl Anj sa pandan li t ap monte. Ou wè, pandan li...Kidonk yo te kòmanse ap pran foto paske sa te sitèlman misterye. Men nan dènye foto a, kan L te fin fòme Tèt Li nan syèl la e latriye, men ni jan magazine *Look* te rapòte l la. Ou wè kijan l te monte senpleman pandan yo te kòmanse wè sa, ou wè. Epi men vrè dènye foto prensipal reyèl la—la ki te parèt, lè sa te fòme a.

83 Yo pa konn ki kote l te soti oswa ki kote l te ale, yo poko konnen ankò. Lasyans konplètman gaga konsènan sa, li pa konn kisa k te rive. Men nou konnen; “Va gen siy anwo nan syèl la.” Nou konn sa. Ou wè? E Li te pwomèt bagay sa yo. Ou wè? E se sèl bagay ke yo te pèmèt yo pran...

84 Kounye a, m konnen nou jis se moun lakay isit la maten an. Si m te janm ap eseye enpresyone nou frè yo oswa swè yo kòm youn ki konn-tout-bagay, padone m souple. Mwen pa t gen entansyon sa. Mwen kanpe...mwen la maten an ap pale devan devan dèzò ki gwo save, dèzòm entèlijan; mwen–mwen se yon iletre, m pa menm ka pwononse Ekriti yo byen. M gen yon chapit pou m li maten an. M ap...m ta pral mande youn nan frè isit yo pou li l pou mwen, paske m pa menm ka pwononse non sa yo ki ladann, Premye Kwonik 13, (si w vle, Frè Jack, ou ka chache l), pou sijè mwen. Mwen–mwen pa menm ka pwononse non sa yo, m ap kite l fè sa, paske limenm li ka pwononse yo.

85 E m konnen m ap pale a dèzòm entèlijan. Men, frè, bagay sa yo te fèt pou nou patap gade jan mwen iletre, men pou kwè ke m ap di nou Laverite. Se Bondye k ap di nou Laverite. Se Laverite. Ou wè?

86 La, kan m ap pale de denominasyon, m pa vle di ke w sitèlman kriyèl ak...Non, m pa vle di ke w pa dwe al nan legliz ou. Al nan legliz ou, se sa ou sipoze fè. Men piga w fè pati òganizasyon sa yo, paske yon jou m va di nou epi pwouve l avèk Lekriti, se mak bèt la. E sonje senpleman, se mak la.

87 M ap preche...Mwen patap preche l nan legliz Frè Jack, si l pa ta di m, “Ou mèt ale epi fè l”; men m pral nan tabènak la, sa t ap pran yon longè apeprè katrè. Mwen gen tout Ekriti m yo chwazi. Bèt la nan kòmansman, li te bèt la nan jaden Edenn lan, li se bèt la nan fen an, pou montre ke li se yon moun relijye ak yon denominasyon (sa ki fè denominasyon an); epi swiv atravè tras li, pou pwouve l ban nou pa Lèzekriti ke se se sa. Mwen pa t konn sa jiskaske Sentespri a te ban mwen lòt jou anwo a la.

88 Bon, konsènan sa, m t ap obsève sa yon jou, pandan m te kanpe, e Yon Bagay te di m...pandan m t ap gade l, e m te panse...Frè Hickerson, youn nan administratè m yo...oswa dyak yo nan legliz la Jeffersonville...Si m pa kwè nan al legliz, poukisa m gen legliz? Nou genyen yo toupatou nan vil la, branche nwit pase a, chak kare desan mil gen youn nan legliz mwen yo.

89 Kounye a, foto sa–sa, m te kanpe, ap gade l, e Yon Bagay...M te kanpe nan chanm mwen. Yon Bagay te di, “Panche l adwat,” M te obeyi.

90 M konnen ke sa sonnen tankou yon moun ki on tijan boulvèse mantalman, men, ou wè, jan m te lòt nwit pase a, tout gwo bagay sa yo sitèlman entèlektiyèl...Bon, mwen pa kont sa. Sonje, nou dwe voye timoun nou yo lekòl pou yo resevwa edikasyon e latriye, men kite m di w kounye a menm, sa pap sèvi yo anyen nan mond k ap vini an, paske se va yon lòt sivilizasyon, byen plis siperyè a sa a. Sivilizasyon sa pap menm gen ankenn...Li pap gen ankenn lekòl ladann, li pap gen ankenn lanmò ladann, pap gen ankenn peche ladann. Sa limenm gen tou sa, pe enpòt jan nou vin sivilize, plis epi plis lanmò ap ajoute tout tan. Ou wè? Sila ap vini san lanmò. Men pou kounye a nou oblije gen lekòl, nou oblije met rad, nou...

91 Jou maten sa m ta pral pale sou *Edenn pa Satan an* (anpil lan nou gen bann lan), *Edenn pa Satan an*. Li te fè yon lòt jaden Edenn, e sa te pran l si mil lane pou l te fè l, jis tankou pa Bondye a nan kòmansman an. Bondye te fè Edenn pa L, e Satan te kòwonp li. Kounye a Satan te fè pwòp Edenn pa l, e Bondye pral detwi l (se vre) pou mete Pa Li.

Yon Bagay te di m, "Tounen l adwat."

M te panse, "M panse ke m ap gade l bon fason an."

Li te di, "Tounen l adwat." Ou wè?

92 M te panse, "Petèt Vwa sa vle di pou tounen l sou bò dwat." E kan m te fè sa, nou wè kisa sa ye; *Tèt Kris* Hofmann lan, a tranntwazan. Men Li, gade L la, ou wè bab nwa Li, figi L, jye L, nen L, ak tout lòt bagay. Gade pati cheve L la ki monte a. Li fòme ak perik blanch Anj sa pou montre ke Mesaj Limenm ki se Bondye a se Laverite. Li se Jij Siprèm inivè a, Jij Siprèm Syèl ak tè a. Li se Bondye, e anyen lòt ke Bondye. Li se Bondye eksprime nan yon fòm imen ke yo rele Fis de Dye, ki vle di Fis la te Lòm. E si sa pa rann Mesaj nou an egzakteman vrè: li te idantifye pa Ekriti a, idantifye nan sèvis, idantifye pa Prezans Li, menm lan ayè, jodi a, ak pou totu tan. Kidonk Sèt So sa yo se Laverite, frè. Ou ka pa dakò avèk yo, men jis pran san w epi etidye l ak kwè w louvri yon fwa, jis kite Sentespri a kondui w apati de...

93 La, kan Frè Jack...M te rele l yon fwa anvan m preche sou sa pou m te pale avè l konsènan "Sa perik blanch sa te ye?"

94 Li te di, "Ebyen, Frè Branham, m ap deklare ke sa se te Li nan...apre rezirèksyon L nan kò glorigye Li." M t ap pale ak Frè Jack. E te men ni...Mwen pa konn ankenn moun nan monn lan ke m t ap fè konfyans sou nenpòt bagay yo anseye sou teyoloji ak bagay konsa ke Frè Jack Moore ak Frè Vayle, ak dèzòm tankou—tankou konsa, dè vrè teyolojiyen ki li tout sòt de liv e ki wè tout bagay sou diferan ang. Ebyen, men, ou wè, menm avèk sa, bon zanmi m, mwen—mwen—mwen jis patka aksepte sa, te gen yon bagay la ki te jis patap pran l.

95 E apres a kan sa te vini, bagay sa, la m te wè kisa sa te ye. Men bab fonsè Li. Ou wè L, mwen kwè. Ou wè? Bab ak cheve fonsè Li, jye Li, nen, tout bagay, jis pafètman, ak men pati cheve L ki monte sou bò sa. Li se Bondye! Ou wè? E Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. E sa a se *Look* magazine...ou pito *Life* magazine. Mwen kwen ke sa se...m bliye ki nimewo sa ye kounye a; o, 17 Me 1963. Se kan atik la te soti, si yon moun vle gen magazine lan. Se menm foto a ke Rockefeller genyen an ak—ak madanm li sou dèyè a. E sa se nouvo *Science* magazine ki di “se toujou yon mistè.”

96 Poukisa m te di bagay sa yo? Pou sa kapab ban nou yon ti ide de bagay n ap eseye di yo, ke Bondye idantifye alafwa nan Syèl ak sou tè a kòm etan vrè. Disènneman sa yo, vizyon, nou gen pakèt imitasyon, n ap toujou genyen. Men sonje, anvan w ka jwenn yon fo dola, dwe gen dabò yon vrè dola; an premye dwe gen yon vrè dola, e apres a yo va fabrike lòt de sa. Jis tankou nou te gen yon vrè Moyiz ak yon vrè Arawon, answit nou te gen yon Janbrès ak Janès apre yo. Ou wè kijan yo tout te vini? Yo te wè l e apres a yo eseye imite sa, alòske gen *youn* ki vrèman orijinal la. Se vre. M pap di sa pou fè mal oswa pou rabese, oswa pou di yon bagay deplase, men jis pou Laverite; pou w konnen ke mwen...

97 M ap vin granmoun, e mwen konnen tan m pa twò long. Si Jezi, ta vin pi ta, mwen ka...te ka rete yon ti tan; men m konnen gen yon jou kè sa pral bay dènye batman li, e mwen va rantre nan yon gwo chanm sonb la ke yo rele lanmò. E kan sa va rive, m pa vle gen anyen pou fè m ap gade dèyè, pou ap eseye repanti. Mwen vle ke lè m rive nan moman sa, pou m netwaye e pi ak gras Bondye. Mwen vle vlope tèt mwen ak wòb jistis Li, kan m va antre la, ak sèl bagay sa nan panse m: Mwen konnen L nan pwisans rezizèksyon Li; e kan Li va rele, mwen va soti pami mò yo pou m viv avèk Li pou tout tan. E se objektif mwen isit la kounye a pou ap eseye genyen chak òm...pa pou chanje teyoloji ou oswa anyen, men pou ogmante fwa nan pwomès Bondye pou jou sa.

Bon annou priye:

98 Chè Bondye, nou se yon pèp rekonesan maten an, men poutan, Seyè, n ap viv nan yon mond sonb ki...Pa gen yon sèl lan nou isit la maten an, Papa, ki pa santi ke nou—nou vle mache pi pre avèk Ou, nou vle touch sa—sa ki vin de Ou a nan vi nou ki kapab rann nou tand ki kapab rann nou fleksib pou W ka chanje nou nenpòt lè a, fòje nou pou vin pitit gason ak pitit fi Bondye. Sa—sa se objektif nou isit la, Papa, sa se—sa se sèl objektif ke m genyen se ap eseye pou—pou viv devan W pou pran Pawòl Ou epi pwononse L bay gason ak fanm ki...pa pou m yon moun diferan men pou ap eseye onore Limenm ki ban m Lavi. Akòde l, Seyè.

99 Ke pa gen yon sèl moun isit la jodi a...Oswa—oswa si...Nou konekte maten an, atravè nasyon an ankò. Ke pa gen yon sèl moun ki sou zond son vwa nou ki janm dwe ale nan gwo

chanm sa san l pa konnen W nan pwisans rezirèksyon W. Si gen pechè kèkpa atravè peyi a, ki...oswa nan bilding lan, gwo oditoryòm sa, ki chita la maten an. Si gen sila yo ki pa konnen W, ke jodi a kapab jounen kote konsyans yo va sekwe, reveye, pou yo reyalize ke yo pa konnen a ki moman ke yo va rele nou oswa kòmande nou pou reponn pou vi nou, Anwo a. E si non nou ankò nan liv sou fòm tij sa, nou va kondane; men si l nan Liv Lavi Ayo a, vrè Vi a, alò nou sove.

100 E Seyè, pandan Lavi sa ap vwayaje kite ti fèy la pou al nan ti pous la, antre nan pay la, apres a nan grenn lan, pandan n ap pase atravè pwosesis sa maten an si gen yon Vi ki pral rantre nan grenn lan ki layite nan ti fèy sa, fè l soti jodi a, Seyè, ke l suiv mouvman grenn lan, paske nou mande l lan Non Jezi. Amèn.

101 Ekskize m poutèt m pran sitèlman tan. M te bliye ke evènman sa ap difize nan tan radyo deyò la, ak telefòn.

102 Kounye a annou fè lekti a. Frè Jack, ou gen Bib pa w la? Pandan m ap chache Ekriti pa m nan, m ap mande Frè Jack pou li Ekriti sa paske m paka pwononse non sa yo. Dakò. Se nan 1 Kwonik 13 , [Frè Jack Moore mande, “Tout chapit la nèt?”—Editè a.] En-en.

David reyini tout chèf lamè a, ni sa ki te alatèt rejiman mil (1000) sòlda yo ni sa ki te alatèt divizyon san sòlda yo, li pran konsèy nan men yo.

²*Lèfini, David di pèp Izrayèl la: -Si nou wè se yon bon lide, si se volonte Seyè a, Bondye nou an, nou pral voye misyon bay tout frè nou yo ki rete toupatou nan tout peyi a, bay tout prèt yo ak tout moun Levi yo nan lavil kote yo rete ak nan savann kote yo fè gadinaj, pou yo vin mete tèt yo ansanm ak nou,*

³*pou n' al chache Lach Alyans Bondye nou an, paske nou te bliye l' pandan tout rèy Sayil la.*

⁴*Tout pèp la te dakò pou yo te fè sa, paske yo wè se te yon bon lide.*

⁵*Se konsa, David reyini tout pèp Izrayèl la nan tout peyi a, depi kannal Sikò sou fwontyè ak peyi Lejip la rive jouk Pas Amat la, pou y' al chache Lach Alyans la nan lavil Kiriya-Jarim.*

⁶*Se konsa li pati avèk tout pèp Izrayèl la, pou lavil Kiriya-Jarim yo te rele Baala tou, nan peyi Jida, pou y' al chache Lach Alyans Bondye a, lach ki pote non Seyè ki gen tout pouvwa a, Seyè ki gen twòn li anwo zanj cheriben yo.*

⁷*Lè yo rive kay Abinadab, yo pran Lach la, yo mete l' sou yon charyo tou nèf. Ouza ak Akijo t'ap mennen charyo a.*

⁸ *David ansanm ak tout moun Izrayèl yo menm t'ap danse ak tout nanm yo. Yo t'ap chante fè lwanj Seyè a, yo t'ap jwe kòd ap ak enstriman a kòd, yo t'ap bat tanbouren ak senbal, yo t'ap kònen twonpèt.*

⁹ *Lè yo rive bò glasi Kidon an, bèf yo bite, yo manke tonbe. Ouza lonje men l' pou kenbe Lach Alyans la.*

¹⁰ *Men, Seyè a move sou Ouza, li touye l' frèt, paske li pa t' dwe manyen Lach Alyans la. Bondye touye l', Ouza mouri la menm devan Bondye.*

¹¹ *David menm te fache dèske Seyè a te touye Ouza. Se konsa yo rele kote sa a Perèz-Ouza. Non sa a rete jouk jounen jodi a.*

¹² *Lè sa a, David vin pè Seyè a, li di konsa: -M' pa wè ki jan pou m' pran Lach Alyans lan avè m' koulye a!*

¹³ *Se konsa, li pran desizyon pa pote Lach Alyans Seyè a lakay li nan lavil David. Li fè yo pote l' kay Obèd-Edon, yon moun lavil Gat.*

¹⁴ *Lach la pase twa mwa lakay Obèd-Edon, Seyè a te beni fanmi Obèd-Edon ak tout bagay ki te pou yo.*

103 Mèsi, Frè Moore, pou lekti Ekriti sa pou mwen. Bon, ekskize poutèt m patka li sa mwenmenm, mwen—mwen patka fè sa.

104 Kounye a m vle nou ale avèk mwen nan Mak 7:7, pou nou li sèt premye vèsè Sen Mak chapit sèt la.

Farizyen yo ak kèk dirèktè lalwa te soti Jerizalèm. Yo sanble bò kote Jezi.

² *Yo wè te gen nan disip li yo ki t'ap manje ak men yo tou sal, sa vle di, san yo pa t' lave men yo anvan.*

³ *Farizyen yo ak tout lòt jwif yo pa t' janm manje san yo pa t' lave men yo byen lave. Nan sa, yo t'ap swiv koutim granmoun lontan yo.*

⁴ *Lè yo soti nan mache, sa pa t' bon non plis pou yo te manje san yo pa t' pran yon ben-y anvan. Yo te gen yon bann lòt koutim konsa ankò yo t'ap swiv. Pa egzanp, yo te gen yon jan pou yo lave chak bagay, yon jan pou gode yo, yon jan pou krich yo, yon jan pou mamit yo, yon jan pou lave menm kabann yo.*

⁵ Se sak fè, farizyen yo ak dirèktè lalwa yo mande Jezi: -Poukisa disip ou yo pa swiv koutim granmoun lontan yo? Men y'ap manje ak men yo tou sal.

⁶ Jezi reponn yo: -Bann ipokrit! Ezayi te gen rezon lè l' t'ap pale sou nou, jan sa ekri a: Se nan bouch pèp sa a respektè m', men kè yo byen lwen mwen.

⁷ Se tan yo y'ap pèdi lè y'ap fè sèvis pou mwen. Paske nan leson yo, se pawòl lèzòm y'ap moutre moun.

Annou priye

105 Chè Bondye, onore Pawòl Ou kounye a, e ke Li akonpli sa objektif Li te ye a. Itilize nou kòm enstriman pou pwononse L, e zòrèy nou pou tande sa k vin de Ou, ak kè nou pou resevwa L. Nou mande I lan Non Jezi, pou glwa Bondye. Amèn.

106 Bon, sijè mwen pou yon ti moman se sa...Mwen...

107 Nou sou koneksyon antèn telefòn nasyonal maten an. E mwen konprann ke bon zanmi mwen, Roy Borders, ap koute, pa mal boulvèse konsènan yèswo. Mwen t ap bliye ke nou te annond sou radyo...oswa koneksyon sa yèswo. Roy, nenpòt lè w konekte, si w laba San Jose nan legliz la, oswa anba nan legliz Frè Mchughes, ou kèlkeswa kote w ye a, piga w pè, frè mwen, tout bagay va byen. Ret trankil, fè jis...Li va revele I pou mwen, Roy; piga w enkyete w, pitit mwen, gen lafwa nan Bondye.

108 Sijè mwen maten an se : *Eseye Rann Bondye Yon Sèvis San Se Pa Volonte Bondye*. La, sa se yon tèks etranj, e mwen fè konfyans ke Seyè a va revele sa pou nou kounye a. Sonje, "Eseye rann Bondye yon sèvis san ke sa te volonte Bondye." Bon, sa sanble trè etranj. Men, petèt Bondye ka ede nou, nan sa.

109 Yon lòt bagay m ta renmen di maten an, ke nou kontan genyen nan mitan nou yon zanmi m, yon zanmi trè chè, yon jèn zanmi. Anpil lan nou moun ki nan radyo yo, oswa, nan koneksyon telefòn lan, nou konnen kiyès. Jodi a se fèt li, katreven trèzan, Frè Bill Dauch ki chita la devan m, katreven trèzan.

110 Plizyè lane de sa doktè te di, "Li pap ka viv." Mwen jis te remake I chita la kounye a. Anba yon tank oksijèn, ak byeneme madanm li ki te rele m pou di, "Frè Branham, si w espere wè vye zanmi w lan, Bill, vivan, ou ta fè mye vini yon fwa pou tout."

111 Epi mwen...Youn nan kawotchou m yo te koupe sou kote, volan machin mwen an te fini, e m te retire youn nan kawotchou machin mwen an pou eseye al jwenn li. M te jis fèk soti nan

yon–yon–yon estasyon, estasyon gaz, e pandan m t ap soti nan twalèt la kote m te kanpe Ohio pou ap eseye al kote l, pandan m t ap mache m te gen yon vizyon. E men Frè Dauch ki te kanpe, kanpe nan legliz la ak men l soti; sa te chanje, e m te wè w ki t ap desann nan lari a pou ban m lanmen. Li te di, “Al di li, ‘ENSI DI SEYÈ A.’”

112 Li te gen apeprè katreven trèzan lè sa. Li te gen yon atak kadyak ak kè bloke, epi yon kriz kadyak konplè. Yon doktè trè briyan. Nonm lan pat...li pat vle...Non, m pap di sa. Li se jis yon nonm ki ka pèmèt li nenpòt doktè l ta vle. Li te gen yon doktè Jwif trè de byen ki te rankontre m nan koulwa e ki te di, “Pa gen yon chans pou l viv.”

113 E m te ale pou glise men m antre anba tank oksijèn lan, m te di, “Bill, èske w ka tande m?” Li te bouje tèt li. M te di, “ENSI DI SEYÈ A, ‘Ou pap mouri kounye a.’”

114 Yon semèn apresa, pandan m te sou chè a pou preche Mesaj mwen an, men Frè Dauch ki t ap mache travèse bilding lan. E kan m te al laba nan Restoran Furr la, anfas...M vle di Blue Boar, anfas la nan Louisville, men li ki t ap soti nan machin lan, ap desann nan lari a, ak men l soti ; jis egzaktman dapre Pawòl Seyè a. E sa fè twa ou katran pase; e men li chita isi anba la nèt, nan Shreveport (ap travèse nasyon an, pa nan avyon la, nan machin), en-en, chita la maten an. “Bòn fèt, Frè Dauch.” Sa soti atravè tout nasyon an, toupatou. “Bondye beni w!”

115 M te batize . apre ke l te yon Trinitè, m te batize kan li...se te youn nan premye reyinyon m yo, lè Frè Banks Wood te oblije ba l rad pa li (li se yon pоторik gason, jan nou wè a), li te antre nan pisin lan e m te batize l a apeprè katreven senk oswa katreven dizan, lan Non Seyè Jezi. Li te di li pat janm ka santi l byen jouk li te jwenn sekirite bagay sa. Alò li te resevwa yon kado fèt kote li pap janm vyeyi. Se vre, gran Peyi sa. Li te menm gen atant pou viv pou l wè Vini Seyè a; sa ka fèt. Men si l ta tonbe andòmi, li...e n ap reveye nan moman sa, l ap rive an premye. Dakò. Kisonk, Frè Dauch, pa gen ankenn fason kounye a pou manke sa. Ou egzaktman nan liy lan. Rete la, frè m, e Bondye beni w. Mwen di Seyè a mèsì pou yon nonm de byen konsa, e poutèt Li te ba l tout ane sa yo.

116 Nan Liv Kwonik lan, “Eseye rann Bondye yon sèvis san ke sa se volonte L.” An premye, Bondye souvren, nou vle konprann sa. Moun jodia ap mande poukisa nou paka gen yon revèy. Èske w kwè ke Bondye souvren? Ou wè, Bib la pale fason sa.

117 E n ap eseye...Pandan m t ap diskite ak yon gwoup nan frè janti pa m yo, frè Batis, sa pa fè lontan, e yo te di, “Frè Branham, nou ka sèlman gen yon revèy lè nou pran Pawòl la, mo pou mo, paj pa paj, lèt pa lèt.”

118 E m te reponn, “Mwenmenm tou mwen kwè, paj pa paj.” Li te di...m te di, “Yo t ap eseye fè sa tout tan.”

119 Li te reponn, “Men nou dwe jwenn entèpretasyon Grèk de Pawòl la, sa Grèk la di.”

120 M te di, “Mwen pa li anpil, men m te li istwa legliz, ak konsil Nise, ak Konsil Anvan Nise a, ak Pè Nise yo, elatriye, yo te konn gen deba laba konsènan lang Grèk la. Sa fè de mil lane konsa. Youn te di, ‘Sa vle di *sesi*,’ e youn di, ‘Sa vle di *sela*. Mo Grèk la vle di *sesi*.’”

121 Jis menm jan ak lang pa nou an; mo angle *see* a. Itilize mo angle *see* sa, ou ka vle di “yon kantite dlo,” “Mwen konprann,” oswa lòt bagay. *Bored*, ka vle di, pèse yon twou, fè yon pwonmnad,” oubyen--oubyen “ou agase m,” oswa “ou te peye pasaj mwen an,” oswa sa ka vle di nenpòt...anpil bagay. Epi ti vwayèl sa yo, ak lòt bagay, yo jis chanje siyifikasyon an nèt. Kifè ou pap janm rive fè l konsa. Bondye te ekri L konsa, paske...

122 E tout Pawòl la enspire, e Li di sa, “Mwen remèsye W, Papa, dèske Ou te kache bagay sa yo nan je saj ak entèlijans yo, pou revele” (amèn) “bay ti bebe ki vle aprann.” Se yon revelasyon de Li menm, janm te di yèska, “Pou revele L bay ti bebe.”

123 M te di, “Sa pap mache, mesye.” Mwen di, “Yon revèy pap janm vini toutotan Bondye, Bondye souvren an, voye l; e lè sa Li ka pran yon ti enbesil ki paka menm siyen non l, pou fè l avèk li, ki pa menm pale bon Angle ale wè pou Grèk.”

124 Se sa L te fè lè Pyè te preche jou Pannkot la, ou konnen, li patka menm siyen non pa l, inyoran epi iletre. Men Bondye fè bagay yo nan fason tèlman etranj pou panse entèlektyèl pa nou. Se sa ki fè l Bondye. Si L te gen yon bann teyoloji ak diyète, elatriye, yo t ap di, “Nonm entèlijans sa Kayif, ou wè, li te jis byen sezi sa.” Men Bondye te desann pou prann pechè pwason ki patka menm siyen non yo, se sa L te pran. Sa se Bondye, Li pran yon bagay ki pa anyen pou fè yon bagay avè l pou Pwòp onè Li. Li te pran yon gachi pou fè yon Edenn. En-en, se sa ki Bondye.

125 Si gen nenpòt moun ki gen mekanik pou yon revèy, se byen frè pa nou, Billy Graham. Men se kòrèk mekanik lan, men mekanik la pap fè l bouje, sa pran dinamik la pou fè l bouje. Ou ka konstwi yon otomobil, mete bèl syèj ladann, fabrike bon piston epi--epi pa lasyans sa l ka fè; men toutotan dinamik lan pa la, li va jis yon pyès.

126 Kidonk, nan revèy Welsh la, youn nan dènye revèy anvan pa nou an Pannkotis, pèsoun pa t konnen kisa k te kòmanse revèy la, jis yon bann moun.

127 Kounye a, lè nou tout...zanmi nou, Billy Graham, va pran tout Prezbiteryen yo, ak Literyen, ak Pannkotis, ak tout bagay ansanm, pou antre nan yon vil epi la yo va gen yon gwo

rasanbleman dè milye ansanm, e trant mil va vini (nan de semèn) pou bay kè yo a Kris; retounen ankò yon lòt de semèn ou pap menm jwenn youn. Ou wè, sa se mekanik lan. Men kite Bondye nan souvren gras Li jis pale a kèk ti enbesil, on fason pou di, yon ti ensiyifyan; kite Lespri L tonbe sou vil sa epi mesye yo paka al nan travay, medam yo paka lave asyèt yyo, jenn fi a paka kouvri kabann lan, yo va ap rele fò epi ap kriye ak men yo anlè. Sa se revèy, sa nan volonte Bondye

128 Yo te di ke kèk gwo moun nòb legliz t al laba nan peyi Galles pou konprann, oubyen pou figure sa tout mekanik la te ye nan revèy sa, pandan revèy Welsh la. E lè yo te desann bato a avèk gwo chapo byen wo yo a, ak kòlèt yo vire lanvè, ap gade men yon ti polisye, ki t ap desann sou lari a, ap fè egzèsis vire baton l lan ap tounen e tounen l *konsa*, ap soufle, yo te di, “Bonòm pa m, èske w ka di m ki kote revèy Welsh la ye?”

129 Li te reponn, “Men wi, frè m yo, you kanpe nan mitan l la!” En-en, en-en, en-en. Li te di, “Nou konprann, *Mwen* se revèy Welsh la,” li te di, “paske revèy Welsh la nan mwen.”

130 Sa souvren! Se sa Bondye fè, e Li menm sèl gen dwa voye yon revèy. Pa pou ap mete mekalik la ansanm, se priye pou Bondye voye dinamik--dinamik la.

131 Se Li menm sèl ki revele Pawòl Li nan predestine a. Bon, kan mwen itilize mo *predestine* a...Bon, se pa yon mo apwopriye pou itilize an piblik, espesyalman kan nou gen gwoup miks ant Ameyiken e Kalvinis. E pa yon...M te mande nou pou nou pa panse ke mwen konn tout bagay, men yo toulède nan erè dapre Lèzekriti. Lagras se sa Bondye te fè pou mwen, zèv se sa mwen fè pou Li. Ou wè? La ou sezi L. Si w al sou youn ou lòt nan branch yo, se sèten w ap retwouve w nan ekstremitè branch lan e ou pap ka tounen dèyè. Liv Efezyen an reyisi mete sa ansanm, mwen kwè.

132 Kidonk, men mo sa, *predestine*, lè mwen itilize l, piga w panse ke mwen se...se sèl mo m konn kijan pou--pou fè...Se presyans Bondye, ou wè, ke Li te konnen. Li--Li paka di...Li--Li te mouri pou ke tout moun te ka sove, Li te fè sa, men pa presyans Li Li te konnen kiyès ki t ap sove e kiyès ki patap sove. Ou wè? Se sa Li konnen, mwen pa konn sa ou pa konn sa, kifè n ap travay pou pwòp sali nou ak krent ak tranbleman.

133 Bon, men Bondye gen Pawòl Li byen plase, e sa nan tout aj yo. Presyans Li te pèmèt Li tabli nan legliz, e nan moun yo, kèk bagay ke Li te fè depi nan kòmansman. E apre sa Levanjil ki te preche pou aj sa te revele sèlman a kategori moun sa yo, rès yo pa wè L. Ou wè? “Nou remèsye W, Papa, ke W te cache bagay sa yo nan je saj ak entèlijans yo, epi revele L bay ti bebe ki vle aprann.” Ou wè, sa se predestinasyon. Se pa ke Li te fè l pa, ou va di,

“Mwen chwazi **ou**, mwen pa chwazi w *ou menm*.” Pa presyans Li, Li te konnen kisa ou ta pral fè.

134 Pa Li menm poutèt Li enfini...Èske w kwè Li enfini? Si L pa t enfini, Li patap ka Bondye. Konsa, ou panse, poutèt Li enfini: Li te konn chak pis ki t ap janm vin sou tè a, konbyen fwa pis sa yo ta pral bat jye yo, ki kantite swif ki te genyen nan chak pis, chak branch zèb ki t ap janm pouse; sa se enfini. E nou menm nou limite, n ap bite nan tenèb. Bondye konpare nou ak brebi, e nou oblije gen yon Lidè. E Lidè sa se pa lòm, Lidè sa se Sentespri a, Lespri Kris pami nou. “Yon ti tan ankò mond lan pap wè M.” Kò fizik Li te resisite monte al sou Twòn Bondye a, kote Lespri a *te* sou Twòn lan; kounye a Kris sou Twòn lan, Jezi. “Yon ti tan ankò, mond lan pap wè M ankò, men nou menm nou va wè M, paske Mwen va avèk nou, e menm lan nou, jouk nan fen mond lan.” Twòn Bondye a, Twòn Kris la, te konstwi nan kè w; e Li chita sou Twòn Bondye a, men nan Millennium Li va chita sou Pwòp Twòn pa L; ke Li te jire Li ta pral resisite Nonm sa, Pitit pa L la, Fis de David la, pou chita sou Twòn pa L la.

135 Kounye a, Li revele bagay sa yo pa presyans Li a sila yo ke Li te òdone pou bagay sa yo, sinon yo paka wè L. Yo kanpe drèt la, ap gade L, e yo paka wè L.

136 Konbyen moun ki te janm wè foto sa yon bèf nan bwa, ke w dwe byen gade epi retounen byen gade? Èske w te janm wè sa? Oswa, foto Kris nan yon bwison, oswan nan syèl la, oswa nan nyaj? Ou wè, atis pent sa te si tèlman byen fè tablo a jouk ou oblije gade l yon fason presi. Ebyen, lè sa, yon fwa ke w fin wè l, ou paka wè anyen lòt ke sa. Chak fwa w gade, men ni. Konbyen moun ki te wè jan de tablo sa yo? Ebyen, se sèten ou te wè sa.

137 Ebyen, se fason sa ke Kris ye, ke Li menm, Levanjil, Mesaj la ye. Yon fwa ou wè Mesaj pou lè a, pa gen okenn lòt ou ka wè ke Sa. Se tou. Tout lòt bagay pati, tout rèl la se pou bouche twou, ou wè, ou wè, yon fwa ke wè Mesaj la!

138 Sa se--se te nan tan Noye a. Kan Noye ak gwoup pa l la...ou wè kijan...Kan yo te wè Mesaj la, okenn lòt bagay la pa t gen enpòtans. Kan gwoup Moyiz lan te wè L, okenn lòt pa t gen enpòtans. Kan gwoup Jan an te wè L, okenn lòt bagay pa t gen enpòtans. Kan gwoup Jezi a te wè L, okenn lòt bagay pa t gen enpòtans. Kan gwoup apot yo t wè L, okenn lòt bagay pa t gen enpòtans. Kan gwoup Luther a te wè L, kan gwoup Wesley a te wè L, kan gwoup Pannkot la te wè L, okenn lòt bagay pa t gen enpòtans, yo te retire kò yo apa kite tout bagay. Poukisa? Pa presyans pa L Li te predestine bagay sa yo pou yo te rive.

139 Li chwazi Pwòp moun pa L pa presyans Li. Tankou Li di nan Women 8 la, ke Ezawou...pou ke--pou ke eleksyon Bondye a ka kanpe fèm. Ke Ezawou ak Jakòb toulède te soti nan paren ki sen, yo te jimo, pou ke eleksyon Li a te ka kanpe sèten e vre, Li di, “Mwen

rayi Ezawou, e M renmen Jakòb,” anvan okenn ti gason yo te fèt. Ou wè? Li konn kisa ki nan lòm, Li te konn sa depi nan kòmansman kisa sa te ye, kidonk Li ka fè tout bagaymache jis egzakteman a tan. Nou vin byen enève epi fristre; ou pa t janm wè L fristre. Yo pa...Ou wè? Tout bagay ap mache kòrèkteman, jis egzakteman, revèy la ap fonksyone alè.

140 Bagay sa yo ki te sipoze rive, tout fanm sa yo ak cheve koupe, e mesye sa yo k ap pote...tankou yo gen cheve yo tankou madanm yo. Mwen konn wè yo, absoliman, avèk woulo pou cheve boukle nan cheve yo, pou boukle l la pa devan. Ala yon pèvèsyon! Sa se rezilta Edenn Satan an. Pou ap fè menm jan ak manzè: li menm l ap eseye koupe cheve l tankou mari l; mari l ap kite cheve l pouse tankou madanm li. E manzè ap mete rad pa li, e li menm l ap pote souvètman manzè. Ou wè, se Edenn Satan, kontrèman a sa Bondye te fè nan kòmansman. Se Laverite.

141 Si m pa kòmanse, nou pap janm ka antre nan sa. Men bagay sa yo, ak fason pa L pou fè l, e pou kimoun Li pral fè l, sa se Pwòp chwa pa L, ke Li chwazi. Se fason sa Li vle fè l.

142 Pandan m t ap tande Frè Pearry Green, pastè nou nan Tucson, ap preche lòt nwit lan konsènan Bondye ki fè bagay yo yon fason (M bliye kisa tèks li a te ye.), men li te di, “Sa se fason Bondye renmen l, sa se fason Bondye fè l.” Ebyen, se vre.

143 Kounye a, kimoun pami nou ki pral di L Li gen tò? Kimoun ki pral oze leve kanpe nan figi Bondye, pou di, “Ou gen tò, Seyè, Ou dwe fè l fason m vle W fè l la, fason Doktè *entèl-entèl* di li dwe fèt la”? Kiyès ki rive tèlman lwen nan fakilte mantal li, pou di yon bagay konsa? Non, ou patap vini pou di sa, men ou panse sa!

144 Tankou Mesaj mwen an sou *Antikris* la, “Va gen fo kris.” Bon, Li pa t di fo Jezi. Ou wè, pèsonn patap aksepte yo rele l “Jezi,” nan sans ke se Seyè a. Men fo *kris* vle di “sa ki wenn yo.”

145 Men ba l tèl Pawòl la epi dekouvri a kisa l te vini, ou wè, Mesaj pou lè a.

146 Yo te gen onksyon nan tan Jezi a, men li pa t sou Li.

147 Yo te gen onksyon nan tan...Menm Datan te gen onksyon nan tan Moyiz la. Li te di, “Bon, piga w panse ke w se sèl sen pami nou, Bondye gen yon pakèt. Nou pral jis kòmanse yon òganizasyon isit la, yon gwoup mesye.”

148 Bondye te di Moyiz, “Separe w de li,” e Li te louvri tè a pou anglouti yo. Li te bay Moyiz, pwofèt Li, Pawòl orijinal Li a; se sèl fason Li te janm fè l, e se sèl fason Li va toujou fè l. Li pa chanje plan L, ou wè.

149 Kidonk ide nou yo fo, ide pa L yo vrè, toujou. E pa eseye di L ke L gen “tò.” Pe enpòt kimoun nou panse ki pi kalifye, se pa nou ki dwe di kimoun kimoun ki pi kalifye. Kounye a, men kote ou antre nan òganizasyon an.

150 Yon ti frè ranpli ak Sentespri va al nan yon vil pou bati yon ògani-...bati yon--yon gwoup moun de byen. E yo va rankontre nan yon konferans, e tout frè sen yo va ansanm, ou konnen, e yo va di, “Nou konn yon bagay? Mwen kwè ti Jones isit la,” (li jis se yon ti chwazi pami yo) “M kwè li dwe gen bèl gwo tabènak de byen sa, mwen kwè. Èske nou pa panse ke se kòrèk?” O, la la, non. Men li ki pati. E kongregasyonan te dispèse. Ou wè? Separe yo! Bondye fè separasyon an, Li se Sila ki fè l la. Men yo tout, yo chak, vle pran ti piti sa, pou mete l bò *isit* la, epi *sila* anba *isit* la. Sa se ide lòm.

151 Lòm te gen kle a, men an reyalyte se Bondye ki kenbe kle a. Yo te bay disip yo, legliz sen an, kle a; e obsèbe premye fwa yo te itilize l, kan Jida te chite pa dezobeyisans. Yo te ansanm ap chase yon pakèt; ak frè ki sen yo. Kimoun ki te ka di yo pa t dè frè sen? Kimoun ki di yo pa t sen? Men yo te chase yon pakèt, e tiraj osò a te tonbe sou Matyas. E kan li...Kisa l te janm fè? Anyen. Men Pòl te eli a! Amèn. Se te chwa pa Bondye: yon ti jwif kolerik, sakastik, ak nen l tou kwochi. Pa Matyas, Doktè an Divinite sa, ou konnen, li--li te ...Se te Pòl. Bondye te chwazi Pòl; legliz te chwazi, te chwazi Matyas. Ou wè? Ou pa gen dwa di Bondye Li gen “tò.” Li konn kisa pou L fè, Li konn a kisa lòm fèt.

152 Kimoun ki t ap janm...Legliz sa t ap janm chwazi Pòl? O, non, jamè.

153 Men Bondye te di, “M pral montre sa l pral andire pou Mwen.” Li te konn sa.

154 Dakò, pe enpòt kimoun nou panse ki kòrèk la, Bondye konnen kiyès ki pi kalifye paske Li konn kè lòm, Li konnen.

155 Revèy la non plis, oswa bagay sa yo tou, pa rive lè nou panse yo ta dwe rive yo. Nou panse ke, “Se tan an kounye a menm, glwa pou Bondye!” Mwen remake nan chapit Om Dafè nou yo elatriye, “Sa pral rive touswit, alelouya, yon gwo revèy!”

156 Piga w sedwi, “Li te deja vini, e yo te trete l dapre sa ki te di. Ou wè? Men yo panse gen yon revèy. Èske sa ap fèt la? Non! Sa re rive, epi mouri, se fini. En-en. Remake, sa a se tan pou netwaye lanp, ap soti pou al antre. “Sa yo ki ap tann Seyè a va renouvle fòs yo.”

157 Remake la nan tèks nou an, remake David, wa Izrayèl, li te sila ki te gen revelasyon pou mennen lach Bondye a retounen nan plas li; e, yo pa t janm konsilte l nan tan Sayil paske Sayil te retwograde. Kifè yo pa t janm konsilte lach la ditou, alyans lan, nan tan Sayil, paske li te retwograde epi lwen Bondye. Kidonk David, rapid vit, ak enspirasyon...Kounye a remake

sa, se yon tèks ki trè danjere si w pa byen pran l. E mwen santi ke lè a rive kote nou dwe dèzòm olye de ti bebe. En-en. Nou dwe pran gwo bout vyann olye de ti lèt dlo lolo.

158 Remake David, wa Izrayèl, yo te fenk wenn wa a pou l vin wa; oswa eli wa, Sayil...Samyèl te wenn li dapre volonte Bondye; e li te absoliman wa Bondye te chwazi a, pa gen dout sou sa. E men li, enspirasyon te frape l. Sa te revele pou David. Li te gen revelasyon an, okenn lòt pa t di anyen konsènan sa. “Annou pati al chache lach la, paske se volonte Bondye ke nou genyen lach la isit la avèk nou, pou nou ka konsilte Bondye pa lach sa.” Yon bagay trè, trè louwab. Èske w pa panse sa? Dakò.

159 Sonje, men, li menm antan ke wa, te gen revelasyon an, li te deplase kite plas li. Te gen yon pwofèt nan peyi a ki te rele Nathan, li te sila ki te òdone pou gen revelasyon an. Si gen nenpòt bagay ki pou di, Li di, “Seyè a pa fè anyen san L pa revele l bay sèvitè L pwofèt yo.” Men, ou wè, David antan ke wa, avèk onksyon an sou li, te gen yon vrè revelasyon; men sa te fo: Paske Nathan te pwofèt aj sa; e revelasyon an pa t janm vin jwenn Nathan; e kan revelasyon an vin jwenn David, li pa t janm konsilte Nathan konsènan sa. Li jis ta pral fè wout li pou fè sa l te vle fè. En-en.

160 Men remake kimoun David te konsilte la nan chapit 13 la, “ Men li te konsilte kapitèn milye ak santèn yo,” pou retounen nan kongregasyon l. Ou wè? “Bon, èske n pa panse nou ta dwe fè...? Se pa sa. Kounye a, li t ap eseye rann Bondye yon sèvis, men li pa t òdone pou fè sa; ou wè, paske Bondye gen yon fason.

161 Jis menm bagay ak Bondye ki te ka pale a--a wa a konsènan plè maleng li epi gerizon l, men Li pa t fè sa, Li gen yon fason òdone pou fè l, se te pwofèt Li. Konsa Li te pale ak pwofèt la, Ezayi, Li te di l pou retounen al di Ezekyas ki sa k ta pral rive.

162 Bon, Ezekyas te pale ak Bondye fas a fas, e, natirèlman, Bondye te ka pale ak Ezekyas, men Li prepare dè kanal presi! Ou konprann sa? Bondye gen Pwòp fason etabli pou fè bagay yo: pou voye revèy, pou pale, echanje, pe enpòt sa l ye a. Li gen fason pa L pou fè sa, e nou pa anyen pou ap di L kijan pou fè sa. Li fè l fason sa fè L plezi pou fè l.

163 Kifè, ou wè, David, avèk enspirasyon...Bon, sonje m te pale de, moun ki wenn lan, fo wen an? Sonje Sentespri a ka vini epi wenn yon moun, e kanmenm sa andeyò volonte Bondye. La, Sa pwouve l drèt la. Ou wè? Nou dwe ale nan fason Bondye pou fè l, pa fason pa nou, fason Bondye pou fè sa. Paske, David, antan ke wa, ki te wenn, wenn avèk Lespri Bondye sou li (yon tip Jezikri), men se pa t kanal Bondye a.

164 Ak tout kongregasyon an, “sa te fè yo plezi,” Bib la di. Remake, kapitèn milye ak santèn yo, prèt yo ak teyolojyen yo tou te panse ke se te “mèveye.” Men lekòl Biblik nou yo ak tout

lòt bagay, yo te panse ke sa te “mèveye.” Menm tout moun yo te dakò, prèt yo, epi--epi yo tout te dakò ke onksyon wa a te kòrèk. Remake! Men Bondye pa t pwomèt pou L te revele Pawòl Li nan sezon L a yo *menm*. Bondye te gen fason pa L pou revele Pawòl Li, men pa a yo *menm*. Raple w, se te kontrè a Bondye.

165 On bagay tankou nan jou Miche pitit Imla. Èske nou sonje istwa sa? Juda ak Izrayèl te separe, e yo te gen de diferant wayòm, e Akab te wa sou yon wayòm. E Jozafa te domine sou wa--wayòm Juda a, mwen se te sa; e Akab te domine sou Izrayèl, Jerusalem.

166 Remake, e apre sa men yon bann etranje ki te vini e ki te met men sou yon pati teritwa Bondye te bay la ke Bondye te bay Izrayèl la, e Filisten sa yo anwo a la, oswa Siryen yo, te okipe teritwa sa e yo t ap nourri pwòp pitit pa yo apati de tè sa ki te pou Izrayèl. Kifè yo te bezwen teren sa pou nourri pwòp timoun pa yo ak pwòp fanmi yo. Bondye te ba yo...Se te dwa pa yo ke Bondye te ba yo.

167 Kidonk Akab te rele Jozafa, e l te di, “Desann non.”

Li te di, “Gade la sa enmi nou ap fè. Èske se kòrèk ke nou menm, pèp Bondye a, avèk dwa Bondye te bannou ke nou te dwe posede tè sa, se pou nou l ye, Bondye atravè pwofèt Li, Jozye, te divize teritwa sa, sa ta dwe pa nou, pou timoun nou yo, e vwala ke kominis yo te pran l? E nou gen...Nou tèlman grangou, e yo te met men sou dwa Bondye te bannou. Èske w pa panse ke nou ta dwe monte la pou reprann teritwa nou an? Si w vle mete fòs pa w: si nou menm Metodis, Prezbiteryen, epi yo tout, Prezbiteryen, Literyen, elatriye, tout sa ki nan konsèy ekimenik la kounye a, nou va mete nou tout ansanm, e nou va pran bagay la.” (M ap di sa e m ap pale an parabòl kounye a.) “Nou pral pran l.”

168 “Ebyen,” li te di, “sètènman, nou tout se youn.” En-en.

169 Bon, Bib la di, “Kouman de fè ap mache ansanm si yo pa dakò?” Ou wè?

170 Se la ke grantòm sa, grantòm Pannkotis sa, Jozafa, te vin melanje ak movèz foul la. E sa k rive a Pannkotis nou yo jodi a. Gen kèk veritab moun anndan la, men yo melanje ak foul denominasyonèl sa. Soti nan bagay sa! Seyè a te modi l!

171 Remake kounye a! Men li ki te la, e li te di, “Wi, sa sonnen rezonab.” Li te di, “Cha nou yo se pa w; pèp pa nou. Apre tou, nou tout se Jwif. Sèten, n ap monte avè w.” Men te gen jis ase relijyon ki te rete nan Jozafa pou l te di, “Èske w pa panse ke nou--nou ta dwe konsilte Seyè a dabò? Ou wè? “M panse sa t ap yon bon ide.”

172 Ebyen, Akab, “Natirèlman.” Te di, “Ebyen, o, sèten, m te dwe panse a sa.”

173 “Ebyen, èske gen yon òm de Dye kèkpa la? Èske w gen yon pwofèt?”

174 “Aa, mwen gen kasan. Mwen gen konsèy la an antye anba la, tout denominasyon yo nèt. Yo se pwofèt Ebre.”

175 Bon sonje, Bib la di ke yo te “*pwofèt*, pwofèt Ebre,” pa pwofèt payen, pwofèt Ebre; ak yon lekòl pou yo, yon semèn teyolojik.

176 “Ebyen, fè yo vini!”

177 Wa yo te abiye pwòp tèt yo e yo te prezante devan l pou enpresyone pwofèt la. E men li ki t ap vini, mwen kwè se te Sedesyas ki te vini, gran chèf konsil distri a, oswa kèlkeswa sa l te ye a, li te vin la pami yo. Li te fabrike pou tèt li de gwo kòn, li te di, “Mwen te tande Bondye pale. ENSI DI SEYÈ A, ‘Avèk kòn sa yo, ou va pouse Siryen yo mete yo deyò nan peyi a.’”

178 “O glwa!” tout moun te panse ke se te mèveye, trè byen.

179 Obsève jan sa te redwi a epesè yon lam razwa kounye a, ant vrè e fo a. E sonje sa va tonbe sou youn ou lòt bò a, jouk sa va rive yon lè tankou yon razwa byen file diferans ant byen e mal. Sa dwe chak Pawòl Bondye; pa senpleman prèske chak Pawòl, men chak Pawòl! E jodi a sa rive a nivo, pa Literyen, pa Metodis, pa Pannkotis, men a pwent aj sa, nan aj sa kote onksyon antikris la tèlman pafè, sa te ka sedwi Eli a menm , yo va tonbe move kote a si yo pap siveye, tankou yon lam. Obsève! Fè atansyon! Nou pap viv nan yon aj Pannkotis kounye a. Nou depase aj sa, jis menm jan nou te depase Literyen yo, epi pase...Ou wè?

180 Remake. Bon tout pwofèt yo te pwofetize, kasan yo, byen nourri, byen abiye, pwofèt Ebre te bay temwayaj yo, yon sèl akò, “ ENSI DI SEYÈ A, ‘Monte, Seyè a avèk ou.’”

181 Jozafa te di, “Ebyen, sa--sa sonnen byen. Men,” li te di, “èske w gen yon lòt?”

182 “Yon lòt? Nou gen tout denominasyon yo la, nou gen tout konsèy la nèt reyini deyò a la. Poukisa nou bezwen yon lòt?”

183 Li te reponn, “Aa, men m te panse petèt te ka gen yon lòt.”

184 Li te di, “O, wi, gen yon lòt, men li pa menm fè pati de konsèy sa.” En-en. “Li se yon depaman. Se Miche, pitit lmla, e mwen rayi l.” Ou wè? Li te di, “Yo pap akeyi l nan fratènite a, e li se jis yon grenn depaman òdinè pou kòmanse. Epi tout tan li ap, tout sa l pwofetize, li jis pa vle ankouraje semèn m nan yon tikras.” En-en. “E l ap fè tout move bagay sa yo, li toujou ap pwofetize mechanste kont mwen, jis pou l ka diferan.”

185 Jozafa te di "O," "piga wa di yon tèl bagay konsa. Men mwen ta renmen tandè sa nonm sa gen pou di."

186 Li te reponn, "Ebyen, nou pral jwenn li." Kifè yo te voye yon nonm deyò a kèkpa nan bwa a, yo te voye l.

187 Li te di, te di l, li te di, "Bon, sou wout tounen w kounye a, m vle di w yon bagay. Èske w vle reprann plas ou ankò nan denominasyon an?" Ou wè? "Èske w vle gen fratènité avèk yo tout ankò? Si w dakò, si menm bagay ke siveyan distri a di, di menm bagay evèk la di, e yo va reprann ou. Kounye a se moman pou fè sa."

188 Men èske ka imajine yon vrè pwofèt Bondye wenn, ki ap fè konpwomi sou yon Pawòl Bondye? Non pa vrèman!

189 Li te di, "Seyè a vivan, m ap sèlman di sa Bondye di!" Nou bezwen yon pitit Imla. "Seyè a vivan, m ap sèlman di sa Li di." Se jis. "Kisa *Li* di."

190 Kidonk lè yo te desann la devan pèp la, tout pwofèt yo, yo te di, "Kounye a, ou di ke yo..."

191 Li te di, "Ret tann, ban m aswè a, kite m wè sa Seyè a pral di." Konsa, nwit sa, Seyè a te parèt a li menm nann yon vizyon e Li te di l kisa pou l di.

192 Maten apre a li te di, "Kisa w di, Imla?" alòske yo tout te kanpe deyò a...M vle di "Miche, pitit Imla," li te di, "kisa w di kounye a Nou tout la ansanm, tout prèt yo, ak tout pwofèt yo, ak tout wa yo, ak tout bagay la ansanm. Kisa w di gran konsèy sa kounye a?"

193 Li te reponn, "Monte," li te di, "men mwen wè Izrayèl gaye tankou brebi ki pa gen bèje."

194 E Akab te di, "Kisa m te di w! Vagabon sa ka sèlman pwofetize mekanste kont mwen!"

195 Kouman l te ka di anyen lòt alòske Bondye te di menm bagay la? Yon pwofèt sipoze se bouch Bondye k ap pale, pa pwòp panse l. Pa Li...Ou wè, li se com-...tèlman abandone konplètman a Bondye, li pa vle deranje anyen, men li dwe di sa Bondye di, paske li pa gen kontwòl sou Sa limenm. Ou wè?

196 Li di: "Koulye a, èske m pa di w?"

197 Epi apre sa, gwo nonm ki te gen kòn lan te vini, li frape l sou bouch li, li te di: "Ki wout Lespri Bondye a te fè lè L te soti nan mwen?" Nan yon lòt mo, kite m eseye klarifye sa, "Gade non ... Gade non, mwen vle di w yon bagay, Miche. Èske w reyalize ke m se yon mèt nan ekriti

a ? Èske w reyalize ke m gen onksyon an?" Oswa, "Batèm nan," nou ta di l jodi a. "Eske w reyalize ke m genyen l?"

198 Imla di: "Mwen pa doute sa."

199 Li di: "Men, tande! Lespri Bondye a te di m ', li rann temwayaj ak tout katsan mwen yo isit la, ke n pral met Siryen yo deyò nan peyi a.' E kiyès ou ye pou vin di y ap touye gran wa nou an? Li te di, "Lespri Bondye a te di m 'sa."

200 Kite m jis eksplikel konsa w ap konprann li. Epi petèt nou jwenn Miche ki di, "Yè swa nan vizyon an, mesye, mwen te wè Bondye chita sou yon twòn. Apre sa, mwen te wè tout lame Syèl la rasanble bò kote l, uh-huh, epi yo t ap fè yon konsèy nan Syèl la. Yo di: 'Ki moun nou ka jwenn pou desann epi twonpe Akab? Paske anba isit la gen yon pwofèt, yon vrè pwofèt, non li se Eli. Epi li te pwofetize dapre Pawòl mwen an e l te di: " Akab Mechan sa a, paske li te touye Nabòt, chen yo pral niche san mechan sa a," epi nou dwe fè Sa rive vre paske L te deja pwononse, Se ENDI SEYÈ A! Li dwe rive, li dwe la a. E ki jan nou pral fè sa?"

201 "Apre sa nan bafon rejyon laperèz moun ki pèdi sa yo, anba nèt la yon espri vinn monte, li te di: 'Mwen se yon twonpè. Si m ka rann ou yon sèvis, m ap desann, m pral antre nan pwofèt li a.'" Paske yo te tèlman òganize, yo pral sèlman konprann yon bagay, e se yon ti emosyon. "Epi m ap fè yo pwofetize yon manti. Epi m pral fè Akab koute diyitè sa yo olye de vrè pwofèt Ou a; Paske li pral egzamine tout sa li di ak Pawòl ou a, li pral egzamine vizyon li yo dapre Pawòl la, li pral egzamine tout sa l fè dapre Pawòl la, e si se pa annakò ak Pawòl la li p ap tande l. Men si se...m ka twonpe lòt moun sa yo, e mwen pral...yo...Akab gen anpil konfyans nan gran inite ke yo gen ansanm nan ki mete yo an sekirite, kidonk yo mache ansanm epi yo pral mete tèt yo ansanm. Apre sa mwen pral fè Akab koute yo, pou al la ba a. Epi se konsa nou pral fè l."

202 "Bondye di: 'Ou ka fè l, ou se yon vrè tronpe; ou mèt desann anba a.'"

203 Epi, Sedesyas souflete l nan bouch li, li di: "Kote w te ye...?"

204 Li te di: "W ap konnen lè w fèmen anndan an nan prizon an." Uh-huh.

205 Li di: "Monte!" Sedesyas di wa a. Li di: "Monte epi retounen ak kè poze!"

206 Akab di: “Pran nonm sa a epi mete l nan prizon an. Mete l 'nan chenn, ba li pen ak dlo aflikasyon. Epi, lè m tounen sot la ba a e ranpòte laviktwa, epi pwofèt mwen yo te di m ke revèy sa a pral rive vre,” li di, “Mwen pral okipe m de kanmarad sa a!”

207 Tande dènye pawòl Miche te di nonm sa a: “Si w retounen, Bondye pa t janm pale avè m.” Amèn.

208 Ou wè, Bondye gen fason L fè bagay yo. Mesye sa yo te panse ke yo t ap rann Bondye yon sèvis. Fè atansyon! Se pa emosyon, se pa zèl, se pa imajinasyon, men li dwe “ENSI DI SEYÈ A,” li dwe jis. dakò, kèlkeswa... Nou jwenn bagay sa yo konsa.

209 Remake kounye a lè David te fè pwoklamasyon espktakilè sa a, e sa parèt kòm kwa ke se te byen, yon bon bagay pou fè. Answit nou jwenn ke (Èske m fatige ou? Èske l twò ta po m pran yon lòt?) yo te fè pakèt pwoklamasyon sa a, li pa t konsilte pwofèt la.

210 Kounye a, nenpòt moun konnen ke Amòs 3:7 te di ke Bondye te pwomèt ke L pa t ap janm fè anyen jiskask L te revele l dabò a pwofèt L a. Atravè laj legliz yo nou te gen dè refòmasyon; Men li te pwomèt nan Malachi 4 ke ta gen yon pwofèt nan peyi a nan dènye jou yo (paske li dwe adapte modèl sa a, ou wè) anvan tan lafen an rive.

211 Anvan ke Jezi te vini dabò, Eli te vini, Eli nan Malachi 3. Matye 11 di konsa, “Si w ka konprann li, se de limenm ke yo t ap di: ‘Men ni, m voye mesaje m nan devan mwen.’” Kounye a, Li te pwofetize, tout teyolojiyen kwè sa: ke nan dènye jou a, Lespri Eli a gen pou vini tou. Li gen pou vini senk fwa, Bondye sèvi ak Lespri sa a: Elize, Eli, Jan Batis, epi pou legliz Janti yo, e apre, pou jwif yo nan Apokalips 11yèm chapit la. Sa vle di, g-r-a-s Bondye, l-a-f-w-a, J-e-z-i, Jezi, chif senk lan. Li pa ka rete nan kat, li dwe rive a senk. Ou wè? remake!

212 Kounye a, li te pwomèt sa, kidonk sa plase Bib la jis ekzakteman pou jodi a, ak Sodòm ak Gomò. Epi Eli pa t '...Se pa t Eli; Se te Lespri Bondye a sou Eli; Eli te jis yon nonm. Kounye a, nou te gen Eli, ak tinik Eli, ak manto Eli, ak tout bagay Eli. Men Eli jodi a se Seyè Jezi Kris la. Li gen pou l vini dapre Matye disèt la-...Lik 17:30, sèke, Fis lòm nan gen pou revele L nan mitan pèp li a. Pa yon nonm, Bondye! Men, li pral vini atravè yon pwofèt. Kounye a, li pa t janm gen de pwofèt majè an menm tan, janmen, nan mond lan. Ou wè? Pe enpòt kantite ki genyen an...de—de tèt pa kapab...Li dwe yon sèl tèt. Bondye dwe gen yon sèl nonm sou

kontwòl Li. Ou wè? Gen yon sèl Bondye; te gen, Pè, Fis, ak Sentespri, men yon sèl Bondye ki reye sou tou sa, remake, li jis itilize fonksyon yo. Se konsa li fè ak Eli, Lespri Eli a; Li te itilize Lespri sa a, men se menm Bondye ki te kontwole L tout tan pou L akonpli Pawòl Li a.

213 Bon, remake nan sa a kounye a, David te panse li te gen tout bagay an òd. Epi li te enspire. Gad ki jan Lespri Sen an ka wenn yon nonm? Men, li dwe nan lòd onksyon. Lespri deyò a kapab wen ak Sentespri a, epi nanm nan osi nwa ke goudwon. Move zèb la grandi nan menm dlo ki bati... met lavi nan ble a, met lavi nan move zèb la; men nan baz move zèb la, se yon vi move zèb. L ap rejwi, l ap fleri, li te gen lavi, e ap fè tout sa ke ble a fè, men nanm li se yon move zèb. Ou wè? Fo anseyan yo ka leve, ap anseye tout kalite trinitaris ak tout lòt bagay, epi wenn ak Sentespri a, epi fè menm kantite mirak ke vrè Levanjil la kab fè. Men, se pa Pawòl la, ke sa dwe fèt. Ou wè sa m vle di? Koulye a se trè byen pou anseye sa a, m devine, m se—m nan yon tabènak entèdenominasyonèl maten an, nan—nan otèl sa a la a.

214 Remake, obsève kisa sa n ap di a. Bon, tandè, koulye a. David te gen tout emosyon ke vrè revey la te genyen. Remake! Yo te rele, yo te kriye, yo te danse, yo te vrèman jwenn yon bagay nan onksyon sa a. Yo te jwenn li sèten! Tout sa te sanble ak yon vrè revèy, men, ou remake, Bondye pa t ladann. Bondye pa t ladann. Li te gen yon pwofèt ki te etabli la a menm nan peyi a. Yo te fèt pou te konn sa. Ou wè? David ta dwe konn sa.

215 Yon bagay jodi a, nou gen tout mekanik yo, tankou gwo denominasyon yo, kwazad nan epòk nou an, men rezilta a abouti a menm jan ke l te ye nan epòk sa a; rezilta nou nan gwo kwazad nou yo, ak tout bèl gwo rezònman nou yo, gwo bilding nou yo, ak gwo ... batis ki koute dè milye, ap anpile manm ak bagay sa yo, sa bay menm rezilta a, tout sa se yon echèk. Mwen pa di sa pou m diferan, m di sa pou m onèt devan Bondye, Se sou Liv Li a ke m apiye m maten a. Ou wè? Tout sa abouti a yon echek, menm rezilta a.

216 Koulye a, ann wè sa k te pase lè Bondye (nan tan L ak laj Li) ak pwofèt li yo pa t pran an konsiderasyon, yo jis depan de teyoloji, prèt, denominasyon tankou nou fè jodi a. Koulye a, fè byen atansyon. Li tounen yon dezòd. Si vrè Lespri Bondye a la, Li pral dirije l nan Pawòl la; pa sèlman yon kote nan Pawòl la, tout Pawòl la pou tout laj la. Ou wè?

217 Jou Pannkòt la, Lespri a te dirije l dwat nan Sa a, nan Joyèl 2:38. Ou wè? Jou Luther a, Li te dirije l dwat nan Sa; Wesley; nan dènye mouvman Pannkotist sa a; men sa a se yon lòt laj, sa a se apèl pou Epouz la soti. Pa de mil ane de sa nan Lapannkòt, oswa repetisyon an, oswa retou a. Lapannkòt...

218 Sentespri a te nan Luther, Sentespri a te nan Wesley; se a Pawòl Bondye a ke yo te wenn. Apre sa, Sentespri a te retounen sou moun nan laj la epi yo kòmanse gen restorasyon don yo. Yo te dekouvri, lè yo te abandone yo a Bondye, Sentespri a te pale an lang atravè yo. Yo mete men yo sou malad yo, epi yo te geri. Yo danse nan Lespri. Ou wè? Sa se te laj Refòm lan ki te fè legliz la retounen nan lòd. Epi dènye lòd legliz la se te plase don yo nan legliz la; tankou Luther te met jistifikasyon, Wesley te met sanktifikasyon, Pannkòt la te met don yo. Men, kisa yo te fè? Menm Erè a, tankou lanati te bay modèl la nan pye ble a, yo te fè yon denominasyon, ki kont Bondye, ki kontrè ak Bondye.

219 Bon, nou jwenn ke lè... apre sa lè kiltivatè pye ble sa yo reyini, yo fòme pwòp lide pa yo. E pe enpòt... Lè "nouvo pwoblèm nan," jan yo rele l la, soti nan Asanble Bondye yo, kisa yo te fè? Yo pa t 'kab resevwa Li. Kèlkeswa konbyen Vre li te ye, batèm nan non Jezikri a, yo te deja nan Konsèy Jeneral la. Lòm te gen tan anpare l de li, Lespri a te deja kite yo. Dakò! E apre sa, sa a te soti... M te pale ak kèk nan pi bon lidè nou yo; yo di: "Ebyen, kisa nou ta dwe fè kounye a?" Yo ta wont tèt yo. Lè, yo konnen se verite a; si yo pa konnen, yo avèg esprityèlman e yo inyoran pou Bib la. M pa di sa pou m mechan, ebyen, m di sa ak respè. Paske, pa gen okenn kote nan Bib la kote pèsonn te janm batize pou ap itilize tit sa yo, "Pè, Fis ak Sentespri." Epi yo pa t janm te itilize jouk apre konsèy èkumenik la, legliz Katolik Women an. Pwòp katechism yo temwaye menm bagay la. Se yon dogm katolik! Pa yon doktrin nan Bib la, men se yon dogm Katolik. Epi nou menm, Metodis yo, te pote katechism nou yo ak tout menm bagay yo menm jan yo te genyen l nan, yo te jis grandi e soti nan li pe a pe. Men koulye a, lè w rive nan Lapannkòt, epi layite kèk nan dogm sa yo, ou toujou akwoche w a yo.

220 Men kounye a se moman apèl Epouz la, kounye a se lè Sèt So yo te louvri, kounye a lè bagay ke refòmasyon yo te kite yo te dwe louvri nèt; epi sèlman Malachi 4 ka fè sa, paske l pran revelasyon an dirèkteman nan men Bondye pou ke moun nan ka fè sa. Se vre! Li pa ka vinn

de yon gwoup, sa pa t janm te fèt. Yon nonm! Se sa Bondye te pwomèt nan lonbraj vini L lan pou Epouz li a, yon Elyezè. Ou wè?

221 Remake lè prèt yo, pastè yo, elatriye, jwenn pwòp enspirasyon yo, epi yo vrèman wenn. David te wenn. Bib la di sa. Men, ou wè, li te ale kot move resous la, li te ale nan move kanal la. Li te dirije onksyon l lan nan move kote a, kot pèp la ak sa yo te panse, kot kòmandan yo, sa yo te panse, olye de kanal sakre Bondye a pou jwenn kisa: ENSI DI SEYÈ A te ye“Èske se tan an pou sa? Èske se sezon an pou sa? Eske se volonte Bondye a?”

222 Alòs si l se yon vrè pwofèt Bondye, li pral devan Bondye an premye, l ap di: “Papa, kisa sa ye?” menm jan Natan te fè David nan pita. David te di: “Èske sa byen pou m' rete nan yon kay sèd, epi lach Bondye m nan anba tant isit la?”

223 Epi gad Natanayèl, ki te di: “David, fè tout sa ki sou kè w, paske Bondye avèk ou. Ou se yon veso wenn pou Bondye.”

224 Men sa a antanke yon pwofèt, e se te erè li, e Bondye lye a pwofèt Li. Jou lannwit sa a, li te parèt a limenm, li te di: “Al di David, sèvitè m nan, mwen admire kouraj li, mwen renmen l pou sa, paske li se yon nonm ki selon pwòp kè m, e mwen konnen li lè li tan pou lach mwen an ta dwe konsa depoze anba yon bagay, men mwen jis... Se pa sezon an pou sa rive. M pral kite pitit gason l fè sa, men mwen p'ap kite l fè sa.”

225 Apre sa Natan te vinn ak: “ENSI DI SEYÈ A, David, gwo revelasyon w te genyen an li osi fo ke l te ye lè ke w te mennen lach la anwo a.” (Uh-huh! Uh-huh! Ou wè?) "Penga w fè li. Pa eseye li! Men, Bondye te di li pral fè 'pitit ou a fè l.'" La a! Ou wè? Se sal ye!

226 David te wen pou l di sa paske li te kapab wè l davans, menm jan Abraham t ap chèche yon Vil sou tè a. Ou konnen, li t ap chèche l paske l ta pral viv isit la yon jou, Abraham, nan vil sa a. Epi li te al chache l. Epi la menm sou menm teren kote l te gade a, li te jis anlè l lè sa a, apre li pral retounen nan milenyòm nan epi l pral viv nan vil sa a. Men etan yon pwofèt, li te òdone e enspire, li te konnen te gen yon vil yon kote, epi li t ap chèche li. Men, ou wè, tout revelasyon sa a te kache de li. Se pa t pou laj li. [Espas vid sou kasèt—Ed.]...kontinye nan Jan, kote li te wè li t ap desann nan syèl la soti kot Bondye. Sa a se te vil la.

227 Ou wè, tout bagay dwe vinn nan sezon li. Ou plante ble w nan sezon prentan epi ... oswa nan sezon otòn epi koupe l ete kap vini an. Ou wè? Li dwe monte nan pye ble a, apre li monte nan glann nan, epi ekòs la, e pi lwen nan...Li te dwe nan sezon an. Tout la nati ap travay nan kontinwite. Lespri Bondye a te fè lanati, epi Bondye ak lanati ansanb nan kontinwite. Tout bagay ke yo te met nan tanp lan se te yon modèl de sa li te wè nan syèl la.

228 Ou wè yon pye bwa k ap lite pou l eseye viv, sa vle di gen yon pye bwa ki pa p mouri. Ou wè yon nonm k ap lite pou lavi, sa montre gen yon tabènak k ap tann yon kote ki pa p mouri. "Si tabènak sou latè a ap fonn nou gen youn ki deja ap tann." Bon Papa nou ki nan Syèl la te pèmèt mwen mache dèyè rido sa a yon jou pou m wè l. Konbyen moun ki te tande l...?...Ou wè? M t ap gade lòt bò rido tan an. La se te menm jan m ap preche nou tout laa, yo te kanpe la a. Nanm yo ki anba lotèl la, k ap kriye, "Konbyen tan?" Pa sèlman yon mit, yon moun ki te gen entèlijans: "Pou Konbyen tan, Seyè?" Pandan konbyen tan? Pandan ke n santi sa kounye a, kòm na p pran laj, tankou frè Bill Dauch ki chita isit la ki gen katrentrez lane. Gen yon bagay pou jenn gason sa a anvi ankò. Gen yon bagay... Ou ta bay nenpòt bagay la. Ki jan ke m ta renmen. Frè Jack, ak tout rès nan nou yo. Retounen, Frè Hierholzer, isit la, nan fòs jenès nou. Pou kisa nou vle fè li? Pou w vin jèn epi kouri toutotou ankò? Non, mesye! Paske nou santi ke n ta dwe gen plis tan pou glorifye Bondye sa a ke n renmen an.

229 Epi chè frè m yo, mwen gen Mesaj sa a maten an, gen yon peyi lòt bò rivyè a ke yo rele dousè a pou tout tan. Se la nou pral glworifye l atravè laj yo, e tout laj yo, epi pou letènite. Poukisa nou santi sa? Paske pwofondè a ap atire pwofondè a. Epi osi lontan ke pwofondè a ap atire, dwe gen yon pwofondè pou reponn a apèl sa a oswa pa ta gen okenn apèl. Anvan ke gen yon kreyasyon, dwe gen yon Kreyatè an premye pou kreye kreyasyon an, oswa pa gen okenn ... Sa montre prèv la menm ke gen youn.

230 Remake prèt sa yo, yo tout soti nan liy lan. Remake onksyon an, dakò, pa gen anyen ki mal ak onksyon an. Menm bagay la ak noumenm pannkotist yo, men gade nan ki kanal wap deplase kounye a. Jou a te chanje depi Lapannkòt, yon lòt bagay ap pase. Si pa t gen okenn pwofèt nan peyi a, petèt David ta gen rezon. Se vre. Men, Natan te kanpe la, li te konfime, li te òdone, Bondye te temwaye ke l se yon pwofèt.

231 Obsève! Lach la nan Bib la se toujou tip Pawòl la pou nou, paske se te Pawòl Bondye a nan lach la. Epi se te... Remake Lach la ke yo te pote a, gad ki jan yo te fè l. Yo pa t mete l nan pozisyon orijinal Bondye te òdone a. Ebyen, Bondye te di la a nan Lalwa a ke l dwe ... ki jan yo te dwe fè l, ki jan yo te dwe deplase ak Lach sa a, ak ki moun li te dwe deplase. Men, David, onksyon lan...

232 Frè mwen, pa manke sa a. Epi sè m yo, oumenm ki vle vin fanm predikatè elatriye, pa manke sa a. Kèlkeswa kantite onksyon w lan ye, ou dwe twouve w nan pozisyon ke Bondye te bay la. Onksyon David la te kòrèk, men lè l te fè l, li te vinn gen zèl e l te depase liy fwontyè a. kisa l te fè? Li te depase liy fwontyè a. Olye pou l te met lach la nan pozisyon orijinal li, li te pote l sou yon charyo nèf, men pa sou kè Levit yo. Yo te sipoze pote l sou zepòl Levit yo, kise kè yo. Pawòl la pa nan panse a, li nan kè a! "Pa sou yon charyo nèf." Kisa sa te ye? Gen kèk... Sa te reprezante yon nouvo bagay, ke David te fè la a, sa te pale de chak denominasyon ki ta p janm egziste. Pawòl Bondye a pa dwe fèt pa...transpòte pa presbitè leta oswa evèk yo, elatriye, pa denominasyon yo. Se Batèm Sentespri a nan kè lòm, men pa nan kèk mouvman eklezyastik. Sentespri a se yon trezò lanmou Bondye nan kè gason ak fanm pou obeyi. Ou wè?

233 Se te sou zepòl minis li yo, minis li yo se te Levit yo. Mete l sou zepòl gòch yo, epi pote lach la konsa, paske li te sou kè yo. Yo te gen chay Pawòl la sou kè yo. Amèn! Kounye a, ou gen chay denominasyon w lan sou kè w, fado asanble w la: ke w pral bati sa a, oswa fè sa, oswa fè yon lòt bagay. Chay la se konbyen w pral gen an plis pou denominasyon w lan; olye de chay Pawòl Seyè a, ke moun sa yo pral wè sèlman Pawòl Bondye a e pa okenn lòt bagay. Men, ou te jwenn li sou yon charyo nèf kounye a. Ou wè? Yo ap charye l monte isit la sou zepòl nan konsèy èkimenik la menm. Mwen pa vle kritike, e ke Bondye ede m kounye a. M ap jis di nou verite a.

234 Kounye a, ke l te enfluyanse pa kredo yo ak konsèy èkumenik yo, Pawòl la, vrè Pawòl pou sezon sa a te inyore, paske yo te gen anpil emosyon. Men David, wa ki te wenn nan... Li te wa, men li te wa ki te wenn. Ou di, "Mwen se yon pastè, ki wenn."Alòs rete yon pastè, pa eseye vinn yon pwofèt. Ou wè? Si w se yon evanjelis, rete yon evanjelis.

235 Raple w Ozyas, nan epòk Ezayi a, jèn wa a... jèn pwofèt la. Ozyas te yon nonm fòmèdab, yon nonm ki te wenn, Bondye te beni l; li te beni limenm. Ya, m te preche sa pou nou isit la yon fwa. Epi, yon jou, li te tèlman monte wo, li te panse li ta ka jis pran plas yon prèt, epi l te pran dife a, e l te antre devan Senyè a. Epi...Prèt yo te di l': -Ozyas, pa fè sa! Men, li anfle ak ògèy. Pwofèt la pa t kab di l anyen. Prèt yo te konn ran yo, yo t'ap respekte ran yo, li di, "Se pa ran w, Ozyas. Pa fè sa!"

236 Ebyen, li te fè yo: "Pe bouch yo!" Apre sa li te antre ak— dife a, pou ofri, li pran travay yon prèt; li te Wenn pou l te wa, se pa yon prèt. Epi prèt sa yo t ap eseye di l: "Ou se yon wa ekstraòdinè, ou te wenn, Bondye te beni nou pa oumenm. Men w se yon wa, ou pa yon prèt."

237 Epi nou menm pastè yo pa ta janm dwe di yon pwofèt kisa pou l fè, oswa nou menm evanjelis yo kòmande yon pastè. Gade, chak moun gen pozisyon yo si l idantifye pafètman.

238 Se konsa li te antre ak dife a, epi li te frape ak lalèp e l te mouri.

239 Kounye a, men David, wa a. David ap eseye fè menm bagay la la a. Li te pran l sou sou reponsablite l. "Bon, se byen, li te dwe ale." Li gade ozalantou moun yo, "Kisa w di, kòmandan? Ou gen di mil."

240 "Glwa pou Bondye, David, m santi Lespri a." Oh, li te santi L! Li te santi L vre. "Kisa w panse, David? Èske w santi L?"

241 "Glwa pou Bondye, Sa toutotou mwen! Ann tcheke l epi wè si l bon, ann gade. Ki kote lach la ye?"

242 "Avèk nou! Li fè pati de nou."

243 "Ki moun nou ta dwe konsilte? Lach la, sèten." Jis menm bagay tankou tè sa a kite pwopriyete pèp Izrayèl la olye de Filisten yo. Se vre, se pou yo l ye. "Epi jan m santi onksyon an tou."

244 Chèf santèn yo, tout asanble a, "Glwa pou Bondye a!" Yo te bat bravo, yo te rele, yo te danse, yo te sote ponpe.

245 Yo te gen Lespri a, men kisa w panse ke Papa a t ap panse? “kouman m te voye Natan, pwofèt sa a anba la a! Yo konnen sa pou yo fè, menm David tou, men kounye a li jis twò ze le e l te depase liy fwontyè l la e l te al fè sa.”

246 Oke, remake, “pote L sou zepòl ” se te plan orijinal Bondye a. Gen senk obligasyon . Mwen vle w note sa yo, si w ap...Mwen wè w ap ekri. Epi gen ven minit, ven e kèk minit apre dizè, kidonk mwen pral eseye fini vè onzè, si se posib. Mwen pral depeche m osi vit ke m kapab. Kèlkeswa jan yon moun sensè nan rann Bondye yon sèvis, kèlkeswa jan l sensè, konbyen ou te sensè, konbyen nan yon Presbiteryen, Batis, Pannkòt; pe enpòt si w se yon evèk, dyak, kèlkeswa sa w ye a, pastè, evanjelis, pwofèt, kèlkeswa sa w ye a; gen senk obligasyon ki dwe konsidere an premye. Kèlkeswa kantite onksyon, ki jan sa te sanble bon, ki jan moun yo t'ap rele byen fò, tout sa Lespri a ap fè, gen yon obligasyon.

247 Kounye a, frè m yo, pandan w ap prepare papyè w la, èske w ka konprann kounye a poukisa? Koulye a, sonje, nou tout te panse, epi yo te anseye nan mitan nou, pa...(gade, m ap pale atravè nasyon an)...ke m pa t kwè nan pale an lang. Mwen kwè nan pale an lang, men ou ka toujou pale an lang epi w pa gen Sentespri a. Premye Korentyen 13 di: “Menm si m pale nan lang moun ak lang zanj yo, m poko anyen.” Ou wè? Sa a se onksyon Sentespri a, ki pa gen anyen pou wè ak nanm ki anndan w la. Ou ka pale an lang epi nye Pawòl la. Mwen te wè sa fèt, epi w wè l tou. Ou wè? Yon fanm ka preche Levanjil epi... Ou wè? Yo ka fè tout sa... Yo koupe cheve yo, epi yo toujou rele epi pale an lang ak tout lòt bagay. Uh-huh, se egzakteman sa. Ou te oblije aliye w ak Verite Pawòl la.

248 Remake! Pe enpòt jan yon moun ka sensè, pe enpòt kijan Bondye itilize l, pe enpòt sa l ye, li dwe vin sa a: li dwe vin...Bagay l ap pale a dwe egzak dapre Pawòl la. Yon moun di: “Ebyen, Moyiz a lepòk.” Mwen konnen sa Moyiz te fè, men se pa sa Bondye ap fè jodi a. “Ebyen, epòk sa a, trantan pase, Litè te di...” Se petèt byen, men se pa sa L ap fè jodi a. “Ebyen, karantan pase, Pannkòt la te desann.” Men se pa sa L ap fè jodi a. Wè? Sa dwe egzak.

249 Sa dwe konfòm ak Ekriti a. Sa dwe nan sezon l, dezyèmman. Twazyèmman, sa dwe konfòm a fason Pawòl Bondye a di l ap ye.

250 Ou di: “Glwa pou Bondye! Sentespri a desann sou mwen, alelouya, jis menm jan L te fè l jou Pannkòt la.” Men sa ka diferan jodi a. Li te desann sou David, tou, pa vre? Sèten, Li te fè l. Li te desann sou Ozyas, men se te fo! Ou wè, nou dwe ale pi lwen ke sa kounye a. Ou wè? Ou dwe ale plis an pwofondè ke sa kounye a. Bon, piga w santi w atake, jis–jis gen respè.

251 Epi remake, sa dwe vini tou a moun Bondye chwazi a. Pa yon chwa denominasyonèl, pa chwa pakèt moun, men selon chwa Bondye. E si se yon mesaj ki vin de Bondye, yon gwo revelasyon ki vin de Bondye, sa dwe vini a pwofèt Li. Bon, si nou vle Ekriti a pou sa, se Amòs 3:7. Ou wè? La, sa oblije.

252 Men senk bagay ki dwe la: Sa dwe nan sezon an. Sa dwe nan tan Bondye te di li t ap la. Sa dwe ekri nan Pawòl Bondye a. Sa dwe nan sezon tan Bondye a, ou wè. E sa dwe selon chwa Bondye.

253 Bondye pa bezwen ankenn lan nou pou entèprete Pawòl Li, Bondye se Pwòp Entèprèt Tèt Li. Li pa bezwen semine nou yo. Li pa bezwen sajes nou, se tenten. Ou wè? Èv te konn sa, en-en, e manzè te rate Entèpretasyon an ak sajes pa l.

254 Yo di: “O, gason mwen, nonm sa se yon moun entèlijan.” Ebyen, sa pa vle di anyen. Sèten. Akab te yon nonm entèlijan. Belteshazzar te yon nonm entèlijan. Satan te sila ki te pi mastèbrenn e pi briyan, pi rize, ankenn lan nou taka reziste a li, ankenn menm.

255 M pa depann de...ankenn...ankenn sajes, m jis depann de Bondye. Ou wè? Kisa Bondye ye? Li se Pawòl la. E alò kijan Bondye entèprete Pwòp Pawòl Li? Koute byen kounye a, pa rate bagay sa yo. Kijan Bondye entèprete Pwòp Pawòl Li? Lè L akonpli Li, se pa senpleman *youn* isit la, men *tout* nèt pou sezon sa.

256 Se pa ap di: “Noye te soti al preche, ou menm ou enspire,” men: “Bati yon lach, mete pòt ladan l, ranje l fason sa a, epi fason sa a.” E si l te mete pòt la anlè olye de anba? E si l te mete fenèt la sou anba, pòt la anwo? Ou wè? Li dwe gen enstriksyon dapre tan an paske se egzakteman pou sa Bondye pral sèvi avè l. Sa dwe fason sa, e sa dwe vini pa enspirasyon.

257 M te tande yon nonm, di yon fwa, te di: “M kwè mesye sa a priye pou malad, mwen kwè se kòrèk. Men antan ke pwofèt,” li te di “mwen kwè li se pwofèt Bondye; men antan ke anseyan, enben, li se yon ‘Jezi sèl.’” Ala yon...Ki non w taka bay yon moun konsa? Yon nonm ki pa konn de kisa l ap pale.

258 Mo *pwofèt* la menm vle di ke “li se youn k ap revele Pawòl Bondye a,” Entèpretasyon an vini sèlman jwenn sila. E se poutèt sa jodi a nou sitelman bezwen moun enpòtan sa ke yo sipoze voye pou nou sou fòm pwofèt Eli, paske se va revelasyon Bondye pou nou pa

konfimasyon, ap montre ke se jou a ak lè a ak sezon ke Bondye te pwomèt Li t ap ladann lan. E sonje, yo va pale kont li, jan sa te toujou ye, jan sa ap toujou ye. Yo va rejte l, jis tankou pay la va rale...An premye yo va aksepte l, paske pay la kenbe ble a sèlman jiskaske l ka al nan solèy. Pannkot ap sèlman pwoteje Mesaj la, ap ba l yon opòtinite jouk Li gaye, e apres a pay la ap rale kò l, e ble a va layite nan Prezans Fis la, ou wè, pou vin mi.

259 Pap gen ankenn denominasyon, jis sonje. Frè Jack men yon istòryen, anpil nan nou isi a se sa n ye. Pa t janm gen yon revèy sòf sa ki dire apeprè twazan apre revèy sa yo te kòmanse yon denominasyon sou li. Èske se vre? E dènye gran mouvman mirak Bondye sa a nan dènye jou sa, sa fè ventan li te demare; e li a dè milyon de kilomèt de zafè denominasyon, pou al pi lwen tout tan; pay la ap detache, pa gen kolaborasyon, ankenn kontak avè l. Ou wè? Li toujou ap pran distans de Li. Paka gen ankò, kounye a se ble. Men nou twò vèt. En en. Se vre. Nou dwe ekspoze nan Prezans Fis la pou vin dou, se tou sa nèt. Twò vèt; nou manke senserite, sa k sakre a, bagay nou ta dwe genyen nan mitan nou, pou konnen ke Lespri Bondye vivan an, ap bouje nan Pawòl Li pou ap montre nou bagay yo, kanmenm.

260 Nou gen fò imitatè ki kanpe. Pou fè kisa? Pou twonpe. Bib lan te di yo tap fè l. “Menm jan Janbrès ak Janès te twoke kò ak Moyiz, se konsa sila yo ap fè nan dènye jou yo.” Ou wè? Yo fè menm bagay la, vin dirèk ap imite l, jis egzakteman. Ou wè? Fè atansyon! Obsève Doktrin Bib lan. Obsève mesaj ki swiv siy sa yo! Toujou menm ansyen lekòl mesaj la? Bliye sa!

261 Bondye te voye mirak ak siy yo pou atire atansyon pèp Li. Lè Jezi te vini jis ap geri malad yo e latriye, se sa pwofèt yo te fè. Yo te panse: “O. glwa, l ap vini, Li pral yon Farizyen. Li pral yon Sadiseyen.”

262 Men l te di: “Noumenm jenerasyon sèpan ak vipè.” Te di: “Nou sot nan papa nou dyab la, nou tap fè zèv li yo.” Te di: “Eksepte si nou manje chè Fis de lòm lan, epi bwè San Li, pa gen Lavi nan nou.” Li pa t eksplike Sa. Li pa t oblije eksplike l. Alelouya. Se te pou yon lòt sezon. En-en. Li jis te di sa l te gen pou l di: “M toujou fè sa ki fè Papa a plezi, se kenbe Pawòl Li. Si M pa fè sa, Lavi M ak zèv Mwen yo pa konpare ak Pawòl Li ke M sipoze fè, alò pa kwè M, m pa Limenm; men si sa fèt, alò kwè zèv yo si n pa ka kwè M,” Li te ajoute.

263 Remake kounye a obligasyon sa yo dwe aplike.

264 Kounye a, ou wè, Bondye pa t revele yo bagay la pa fason l te bay la, Li te revele l pa enspirasyon, men se te nan move kanal la. Ou wè, enspirasyon an prale byen, men si l nan move kanal la, l ap pran move chemen. Tankou w pran yon bal epi tire l nan direksyon yon sib, l ap fè wout li dwat al nan sib la, men on kout van ka chanje direksyon l. Kounye a, nan

machin ou, ou pran wout la a san sis, san douz kilomèt a lè epi yon kout van frape w, ou ka drese wou yo vin dwat, voye l tounen sou wout la ankò. Men ou paka fè sa ak yon bal; pa gen anyen la a pou drese wou l yo, l ap rate sib lan. Ou wè, li oblije vwayaje nan kanal orijinal li.

265 Konsa tou Pawòl Bondye a dwe vwaya je nan chemen orijinal Li. Ankenn ti kout van pa pral devye L; ankenn ti denominasyon, oswa anyen, pa pral devye L; ankenn ti pèsekisyon pa pral devye L; Sa ap dirije L sou sib la! Se la L ap frape, tou. E apres Bondye, kan Sa frape sib sa, Bondye ap konfime Sa, "Touche!" En-en, se egzakteman sa L te di L ap fè. Men ni nan Lèzekriti, se, "ENSI DI SEYÈ A, 'Sa ap rive!'" Men ni. Ou wè? Men ni.

266 Bon, Bondye pa t revele l nan fason L te bay la. Konsa yo te fè l akote Pawòl la, e akote sezon an, jis menm jan y ap fè l kounye a. Kan lèzòm, pe enpòt jan yo sensè, ap eseye rann Li yon sèvis akote fason Li te bay la, yo toujou melanje sa. Tankou Balaram, Balaram te panse li t ap rann Bondye sèvis.

267 Èske nou panse Bondye ap bay manti? Èske Bondye janm chanje panse L? Ebyen, moun yo ap ajì jodi a tankou L te fè sa. Kan L te di pou fanm yo pa koupe cheve yo, yo di, "Nou ka koupe l, Doktè Entèl-entèl di nou kapab. Frè Entèl-entèl di ou jis gen panse fèmen." En-en, en-en. Ou wè?

268 "Ebyen, èske sa ka rive? Sa rive?"

269 "Ya, en-en, *Entèl entèl* te di sa."

270 Bondye pa chanje panse L.

271 Èske w kwè ke Balaram te yon pwofèt? Bib lan di li te sa. Èske w kwè li te yon pwofèt? Kounye a, sonje, Balak te vin jwenn li epi te di: "Desann epi modi pèp sa a, paske yo toupatou sou tè a. Yo pa menm yon denominasyon, yo pa yon nasyon, yo jis yon gwoup ki gaye; e se nou ki gwo zotobre peyi a. Kounye a desann la a epi modi pèp sa a, e m ap peye w pou sa."

272 E Balaram te fè egzakteman sa yon pwofèt te dwe fè, li te di: "M pa prale. Jis ret isi a, pandan nwit lan, kite m wè sa Bondye ap di pou fè."

273 Kidonk li te antre, li te di: "Seyè, men gen kèk moun deyò isi a avè m ki vini, ki vle m desann pou modi yon lòt pèp anba la a." Li te di: "Kisa W vle m fè konsènan sa?"

274 Bondye te di: "Piga w ale, paske sila yo se pèp Mwen!"

275 Balaram te soti, te di: "Retounen lakay nou. M pa ka ale avèk nou, Bondye te di m pou m pa fè sa." Bon, men Pawòl orijinal Bondye: "Piga w ale!"

276 Ebyen, apre yo te tounen, yo te di: “Ou konnen, evèk ou a refize koute.”

277 “Ebyen,” wa a te di: “m ap di w sa n ap fè. Li bezwen yon ti kòb, m kwè sa te ka konvenk li. Oswa petèt m ap fè l responsab presbitè leta, petèt m ap jwenn kèk gwo bagay pou l fè. M ap petèt fè l evèk, ou paka di sa m ka fè. Bon, m ap di nou sa m pral fè. Noumenm mesye yo nou pa gen ase edikasyon pou konvenk li de tout fason; *adjektif posesif* ak kontraksyon nou yo, ak ekspresyon tankou *bwote* ak *chache* ak *pote*, pa kòrèk. Li pap tandè nou, n ap voye yon vrè gwoup edike anba a, plis gwo zotobre.”

278 Yo te desann la a, yo te di: “Doktè Balaram, *Doktè* Balaram, salitasyon pou ou. Mwen pote salitasyon wa a ba ou.”

279 “Bonjou, frè.” Ou wè?

280 “Kounye a, Doktè Balaram...” E, o, vokabilè a, kòman li te vrèman byen chita. Epi yo te di: “Kounye a, wa a di l ap leve w, e l ap ba w gran lonè tou. E, ou konnen, yo te sèlman ofri w tèl kantite lajan pou pran chay sa a, men wa a di l ap triple l, multipliyè l pa kat, si w va jis vin pran l.” Alò, Balaam te vin gen men l k ap grate l, konsa. Li te gen lide foli e li t ap chifonnen lespri l.

281 Kounye a, sonje, li te envoke Bondye ak sa, li te wenn, men menm kote a li te kenbe Bondye lwen de plan orijinal la. E se egzakteman sa Pannkot te fè! Pou vin popilè, noumenm Initè, noumenm Trinitè, pou popilarite nou te tounen denominasyon pou vin direran, nou te òganize e nou te mouri! Nou pap janm resisite. Men, ou wè, ou te dwe rete avèk orijin...Bondye a. Li te fè w soti kite zafè Asanble sa pou rann ou yon pèp, men ou te òganize epi ou te retounen nan menm salte ou te soti a (ekskize m), menm tenten ou te soti a, “Menm jan ak chyen an ki te retounen nan vomi l ak kochon an nan labou.” Mwen dezole poutèt mwen di sa, ekskize m, se pa kòrèk sou estrad la isit la. Ou wè? M jis di sa nan lachè. Remake kounye a...se sa m vle di, pou w vomi. M te dwe di l konsa. Mo a te kòrèk, men li jis te mal itilize. Ou wè? Li te itilize kòrèkteman, men te jis mal sonnen, ou konnen. Vomi, “Tankou yon chyen ki retounen nan vomi l.”

282 Si Asanble de Dye yo, Konsèy Jeneral, te òganize Pannkot premye fwa epi te mete yo nan sa a pou yo te ka pa asepte revelasyon yo, èske nou pa konnen, Initè yo, nou te fè menm bagay la? Kijan n ka resevwa yon Mesaj tankou “semans sèpan, sekirite Etènèl,” ak lòt bagay sa yo ki te vini? Nou sitèlman òganize sere jouk nou patap menm kite L franchi pòtay nou, en-en, en-en, Balaam te fè menm bagay. Men Bondye pat chanje panse L.

283 Kidonk Balaram t al lòtbò a epi l te di: “Seyè, kounye a gade, m vrèman gen yon okazyon kounye a pou m vin kichòy. Ou konnen m pat anyen, men m gen okazyon pou m vin

yon moun. Kisa W di sou sa kounye a, Seyè?” Bon, li pat dwe janm di sa! Li te konnen egzakteman sa Bondye te mande pou fè!

284 Menm bagay ak nou chak ki te batize nan non “Pè, Fis, Sentespri,” sou lòt sijè Labib sa yo ki sipoze vini nan jou sa, nou konnen kisa pou n fè konsènan Sa, se aksepte L! Kan nou wè Bondye konfime aklè “Se Laverite,” sa se Bondye k ap entèprete Pwòp Pawòl Li. Men èske n ap fè l? Non, òganizasyon nou an pap kite nou fè l!

285 Anpil nan minis yo la a nan Tucson k ap koute maten an. Frè Gilmore, m pa gen anyen kont ou; Frè Brock, Premye Asanble, ak legliz Zanmi. Noumenm mesye, m te la a tout tan sa a, nou pa t menm kite m antre. Mwen...Sèten, nou pat kapab, nou pa kapab epi rete sa nou ye a. Nou pa ka aksepte revelasyon, paske nou tounen denominasyon. Epi koute, jis menm jan yo te touye Uzzah paske l te anba fo enspirasyon sa a, se konsa anpil vrè Kreyen ap pèdi eksperyans yo nan vye denominasyon mouri sa yo, paske y ap mete men yo nan Lach la alòske yo pat òdone pou fè sa. Kounye a nou ka kwè L, oswa pa kwè L, se zafè pa w. Bondye se Jij nou. Bondye pat janm reprann Pawòl Li. Sa L te di premye fwa a, se sa L di chak fwa.

286 Li te di Balaram: “Piga w ale!”

287 E apres a Balaram tounen, li te di: “Men Seyè, èske m ka ale?”

288 Bon gade! Bondye di: “Ale!” Kounye a, Li ba l pèmision pou l ale. Genyen yon volonte pèmisiv Bondye, pa volonte orijinal Bondye. Ou wè nan ki pwoblèm li te antre?

289 E nenpòt moun ki bati nenpòt bagay, nenpòt òganizasyon, oswa nenpòt bagay andeyò de Pawòl Bondye a, se sab mouvan epi ki va tonbe! Li va mouri sèten osi sèten ke nenpòt bagay, paske Pawòl Bondye a se Kò Epouz la k ap grandi. Ou pa ka genyen l ak pye sèlman, ak bra sèlman, ak kwis sèlman. Bagay sa yo vini nan sezon yo.

290 E Pannkot, nou rann sa yon sèl bagay, kidonk nou pa ka aksepte nouvo revelasyon. Se pou rezon sa a nou rete dwat kote n ye a pou ap mouri. Sa ap bouje. (Gen sitèlman; m pa vle fatigue nou.) Men Bondye pa chanje panse L, premye desizyon L lan se egzakteman sa. Kidonk Bondye pa chanje panse L, Li jis kite w ale nan volonte pèmisiv pa w. “Bondye se yon bon Bondye,” jan Oral Roberts di a. Li se yon Bondye pou w pè tou!

291 Gade, jis jan w di a, “Glwa pou Bondye, mwen vle pale an lang!” L ap kite w fè l, men se pa ke w gen Sentespri a.

292 Sonje sa Toma di, sila ki te doute a? “Se sof si m gen prèv, si m mete dwèt mwen nan mak klou Li yo, nan men L, ak bò kòt Li, mwen—mwen—mwen—mwen pap kwè Sa.” Bon, men ki kote w ye, menm bagay la.

293 Jezi di, “Menni, Toma, mete men w ladann kòm se sa w vle konnen.” Ou wè? Ou wè? Kounye a, si w vle swiv tras Toma, ale. Men kisa Li menm Li di? “Ala sa pi plis rekonpans sila ki pat janm wè e ki kwè kanmenm.”

294 Remake, remake, poutèt li te fè sa, li te lakòz lanmò moun ki sensè, lè l te mete men l sou lach la alòske li pat dwe fè sa. Yon nonm brav, sensè, panse byen onksyon an epi tout bagay te jis kòrèk, men lacha la ta prale nan movèz direksyon. “Kabwèt bèf la,” Bib la di, “te kilbite,” se pat moun Levi yo. Kabwèt bèf la te kilbite epi li te panche; e yon nonm sensè, ak kè li ranpli ak lanmou, te mete men l sou lach la pou redrese l, li te frape amò paske pèsonn lòt pat ka touche lach sa ke yon moun Levi. Ou wè kijan bondye kenbe Pawòl Li, kenbe kanal pa Li, kenbe lòd pa Li? Ouza te frape ak lèp. Men David la, yo tout ansanm te lakòz lanmò yon nonm, ak yon gwo dezas; pandan l te wenn ak Lespri, toulède, men andeyò kanal Bondye a. Èske se vre? Li te mouri. O, sa te fè David pè amò, li te rele plas–plas la konsa, jan Frè Jack te li l la. Ou wè? Li te make l la.

295 Konbyen fwa denominasyon te fè menm bagay la a kwayan ki sensè. Legliz Katolik, Metodis, Batis, legliz de Kris, menm Pannkotis yo, te lakòz anpil lanmò espiyèl ak menm bagay sa. Kan Sa vini, ak bagay sa yo yo te twouve ke...e yo pat ka al pi lwen, paske se sa ke denominasyon yo kwè.

296 Gade jodi a, gwo kwazad, menm bagay. Yo pa fè anyen lòt ke rann yo “de fwa plis pitit lanfè, pi mal ke yo te ye premye fwa a.” Rann yo pi di, reyèlman, pou vin jwenn Verite a. Ap fè youn nan gwo revèy sa yo, epi yo tout vini, ap manifeste pandan on ti tan, epi retounen soti pou yo rekòmanse ak tout peche sa ankò. Si yo tandè pale de yon lòt revèy, yo di, “Aa, m te gen bagay sa, m te eseye l. Pa gen anyen nan sa.” Ou wè? Yo pa konn kanal la. Yo pa wè.

297 Mwen te tandè gran evanjelis nou an Billy Graham, ki te la yon maten nan yon ti dejene tankou sa a, li te di, “Mwen...” Isit la, li te vin ak Bib la, nan Louisville, Kentucky, li te di, “*Men* egzanp Bondye a.” E se vre, nonm lan te di laverite. Li te di, “W al...Pòl t al nan yon vil e li te gen yon konvèti.” Li te di, “Men m al nan yon vil e mwen fè trant mil konvèti, epi mwen retounen nan sis mwa e m patka jwenn trant.” Li te ajoute, “Ou konn kisa ki pwoblèm lan?” Li te di, “Se noumenm predikatè parese yo,” li te di, “n ap prelase ak pye nou kwaze sou biwo nou pou–pou ap rele moun sa yo nan telefòn olye pou n vizite yo apre soupe epi pale avè yo.”

298 O, kè m t ap brile. Mwen t ap panse, “O grantòm de Dye, mwen deteste an dezakò avè w la, men kimoun ki te predikatè parese sa yo pou yon sèl konvèti Pòl la? Kisa l te fè, li te antre l nan Pawòl la, li te antre l nan Mesaj la, li te mennen l kote li te jwenn Bondye; kè l te pran dife, li te mete dife nan peyi a! E sèl bagay nou fè se mete yo nan yon legliz Batis oswa

Metodis, oswa yon bagay kèlkonk, se pa etonan ke pa gen anyen k ap brile.” En-en. Wi, mesye!

299 Alòs gade sa Pawòl la te pwomèt pou jodi a. Annou dekouvri si se Metodis, Batis Pannkotis, ou kwakeseswa, pou jodi a. Kounye a ou ka al li Ekriti w yo. Pran Ekriti sa yo ke m t ap site pou ou yo. Apokalips tou...

300 Si m te gen tan, m t ap li l, men mwen jis pa gen tan. Mwen gen apeprè douz oswa katòz minit an plis. Mwen oblije fini atan, a onzè, si m vle byen fini.

301 Remake Malachi 4, Apokalips 10, Sèt So. Èske Bib la pat di...Bon obsève! Te gen yon Anj, yon Mesaje ki sot Anwo, e yon mesaj terès. E chak mesaj te pou aj legliz la. Li te di, “Nan jou...” l ap pale kounye a, “men yon Anj Mesaje ki te vini” (mo *anj* lan, se yon mo Anglè ki vle di “mesaje”). “...te desann sot nan Syèl, e Li te mete yon pye L sou latè e yon pye L sou lanmè, e Li te fè sèman sou tèt Sila k ap viv pou tout tan an ke pap gen tan ankò.” Èske se vre? Yon akansyèl toutotou tèt Li, e tout bagay sa yo te jis ap rive. Anj sa se te Kris! Sètènman! Men Kisa L te di? “Men nan jou setyèm anj lan, setyèm aj legliz la.”

302 Se toujou alafen aj legliz la kote yo gen bagay la sitèlman...kote eklezyastik yo sitèlman nan galimatcha jiskaske Bondye voye yon mesaj, e se sa ki Mesaj pou aj legliz sa. Apresa yo pran mesaj li a, paske li te viv jis yon ti tan, e Bondye...alò yo pran mesaj li a olye yo bay li ak rèz La, yo fè yon–yon denominasyon. E apres a yo vin fè yon lòt denominasyon; yon lòt mesaj, sa te pran yon lòt.

303 Nou tout te wè nan liv mwen an, tout sa te desine nan *Sèt Aj Legliz Yo*, jan L te di m lan; mwen te kanpe sou kote kòm yon temwen pou Bondye ke yo va jije jou Jijman an pou Sa. Sa vin de Bondye, pa de panse pa m. Remake, la. Mwen t ap panse–mwen t ap panse diferan de sa, si m ta pral gen pwòp panse pa m. Menm jan Frè Jack te di m apwopo de Anj lan la, kòman ke “Kris sa se te yon kò glorifye.” Men se pat sa, se te pou ap montre ke Mesaj la se vre, Divinite Siprèm, Li te Bondye. Ou wè?Jis bagay menm ke m t ap preche soti nan Pawòl la. Pawòl la toujou rann temwayaj a Pawòl la.

304 Bon, rapidman kounye a, pandan n ap prepare nou pou nou fini nan yon ti moman.

305 Kounye a, Li di, “Nan jou Mesaj setyèm anj lan, anj terès la, setyèm aj legliz la, la tout mistè sa yo ki te pèdi laba atravè sis lòt aj legliz sa yo dwe revele egzakteman lè sa.” Ebyen, se egzakteman sa Anj sa yo te di. Men Sèt So yo, oswa ouvèti mistè sa yo. E w ap eseye prezante L devan denominasyon sa yo. Se kontrè a sa yo...Frè, yo fèmen tèt yo tankou yon kokiy eskago, yo te toujou fè sa. Men se sezon an!

306 Konbyen moun ki konnen ke sa se setyèm aj legliz la? Di, “Amèn.” [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a.] Aj Lawodise a, yon aj tyèd ke Bondye te krache sot nan Bouch Li. E yo te krache Bondye sot nan bouch yo; pa gen yon lòt aj nan Bib la kote w te jwenn Jezi a leksteryè ap eseye frape, pou rantre. Yo mete l deyò, ankenn kolaborasyon. Kisa Jezi ye? Pawòl la! Yo te met Pawòl la deyò. Pay la te detache kite ble a! Li di, “Mwen kanpe nan pòtay la e M ap frape, e tout moun nan bitasyon sa yo deyò a la va tandè Vwa M.” O Bondye, gen pitye!

307 Se te lè sa, kan nonm sa te mouri, ke David ak lonksyon te wè sa l te fè ki pa kòrèk. O David, nou menm pastè, èske nou paka wè kredo mouri nou yo ak denominasyon n ap kenbe yo? Èske nou paka wè kisa sa ap fè? Sa ap touye yon Ouza. Mouri esprityèlman epi n ap mande poukisa pa gen ankenn revèy; ap kite fanm nou yo koupe cheve yo, pentire figi yo, ap pote bout pantalon; ap voye ti gason nou yo al nan lekòl pou riki, ak bagay konsa, kote mwaye nan yo retounen lakay omoseksyèl, ak tout bagay.

308 Remake objektif David, li t ap mennen lach la nan pwòp kay pa li. Se pat kapital la, se pat plas la, sa te dwe fè pati de Jerizalèm. Men David t ap mennen l nan pwòp kay pa li, li te vle ke revèy la fèt nan pwòp denominasyon pa l. “O, si nou menm Asanble yo, nou kòrèk. Si nou menm Inite yo, nou kòrèk. Si nou menm Pannkotis, nou oke.”

309 Tankou yon moun te di, li te di, “Frè Branham, kijan w ap janm fè gen yon moun pou tandè w?” Li te di, “M ka wè Billy Graham, li gen tout denominasyon nan peyi a avèk li. M ka wè Oral Roberts, tout Pannkotis yo akwoche drèt avè l. Men,” li te di, “ou kont tout bagay la nèt.” En-en. Li te di, “Kouman franchman w ap janm gen yon moun?”

310 M te reponn, “Se Bondye!

311 “Mwen Seyè a M te plante l anvan fondasyon mond lan. M ap wouze l lajounen kou lannwit pou anpeche kèk nan yo pa rache sot nan men M,” se Ezayi. “M ap wouze, Mwen te plante l. M te mete non yo nan Liv la anvan fondasyon mond lan, pa predestinasyon. M ap wouze l, jis kontinye ap vanse, M ap founi dlo a, fè jis flite Sa.” Dakò. Ou wè? “M ap wouze l lajounen kou lanwit pou anpeche youn nan yo rache soti nan men M.” Men ni.

312 Li te vle sa vin nan vil David la, olye de Jerizalèm. Pat gen ankenn plas ki te prè pou li nan moman sa, e se menm bagay la jodi a. Gwo mistè sa yo k ap devwale pa Sèt So yo, pa menm gen yon sèl plas nan ankenn denominasyon...fò yo ta oblije sispann yon denominasyon

pou yo ta pran Li. Ale nèt depi Litè pou ap desann vin nan Pannkotis Initè pa gen yon sèl plas ki ka resevwa L. Ni non plis yon nonm paka resevwa L epi rete nan denominasyon li. L ap oblije swiv ble a oswa ale ak pay la, swa youn ou lòt jan li vle l.

313 Kris se Lach pa nou, Pawòl la. Yo vle denominasyon yo. Remake, ou paka, ou pa kapab transpòte L sou yon nouvo kabwèt denominasyon, Mesaj Li a paka al sou kabwèt yon nouvo denominasyon alòske Li sipoze pote epi vin sou kè yon pwofèt. Li pat posib. Li te pwomèt li, Sa t ap konsa, e se fason sa Li dwe ye.

314 Kifè denominasyon yo pap janm resevwa L, ni yo pap ka resevwa L non plis. E yo jis osi avèg sou Sa jan Jwif yo te ye lè yo pann Jezi sou kwa a, alòske Jezi t ap di, “Papa, padonnen yo, yo pa menm konn sa y ap fè a.” Piga w meprize yo, men jis panse: e si w te nan menm kondisyon sa ak jye yo sitèlman avèg ke w patka leve pou wè sa k ap pase?

315 Ni non plis yo pat ka wè ke Se te Bondye pa yo a menm. Kan L te pandye la sou kwa a, e yo menm ki t ap chante Sòm 22 nan tanp la, a desan vèj distans, “Bondye Mwen, Bondye Mwen, poukisa W abandonnen Mwen? Yo te pèse pye M ak men M.” Ou wè? “Tout zo M yo, te ekspoze. Poukisa W abandonnen M?” Epi la, Bondye menm ke yo t ap chante a, yo te ase avèg pou yo te akwoche l sou kwa a, san yo pat konn sa.

316 Bon, èske Bib la di ke legliz Lawodise, ki panse ke li sitèlman gran ak manm denominasyon l yo, li ta pral “toutouni, mizerab, pòv, avèg, epi li pa konn sa”? Kisa avèg vle di? Avèg vle di pou legliz Lawodise sa tankou sa te mete fen a legliz Jwif la, yo avèg parapò a Kris menm ke yo mete deyò a, ap frape, ap eseye antre; “toutouni, mizerab, pòv, mizerab, avèg, epi yo pa konn sa.” O Bondye, Gen pitye!

317 Poukisa ble a paka rete ekspoze nan Prezans Fis sa laba, pou wè tan n ap viv ladann lan? Wi, Kris se Lach pa nou an, men nan fason orijinal Li pou fè l. Alò men Li...Yo te gen Lespri dakò, nou konn sa. Yo te tann Seyè a, wè plan Li sou Pawòl orijinal Li nan sezon L k ap konfime, se sa nou ta dwe ap fè kounye a menm. E Li—Li revele fwa yo pa Pawòl Li, pou wè L ap konfime chak plan Li te pwomèt, pa plan denominasyon lèzòm, pa ap fè manm pou pwòp lach pa nou.

318 Yo gen yon lach Metodis, yon lach Batis, yon lach Prezbiteryen, tout moun pral nan lach sa pou grann tribilasyon k ap vini an: “Glwa pou Bondye! M te batize nan lach Metodis la, lach Prezbiteryen, lach Pannkotis.” Gen sèlman yon sèl lach, se Jezikri, e Li se Pawòl la!

319 Remake, Bondye te di pwofèt la, Li di’ “Manje woulo a,” nan Ansyen Testaman an. Pwofèt Nouvo Testaman an, Li te di l, “Manje ti liv la.” Poukisa? Pou pwofèt la ak Pawòl la te vin youn! Ou wè? Sa se Lach la, Pawòl Bondye a.

320 Bondye te pwomèt, Pawòl Li, kijan Sa t ap akonpli e kijan Sa t ap rive lè L chwazi Epouz Li, jan sa t ap fèt. Sa ap rive drèt devan nou, lan Non Seyè a, e se ak Pawòl orijinal la! Mesaj tan aswè a la a.

321 Konbyen moun ki sonje Haywood lè l te ekri:

Va gen Limyè apeprè nan tan aswè,

Wout pou Laglwa se sèten w ap twouve l;

322 Wi, pwomès tan aswè Sèt So yo, Apokalips 10, Malachi 4, Lik 30 ak 10 Li Detewonòm 4: 4:1 a 4, apres a vèsè 25 epi 26, epi gade sa L te di konsènan dènye jou sa. Sa se te Moyiz ki t ap di Izrayèl pou l “kenbe chak Pawòl, piga w ajoute yon sèl bagay!” Moyiz, pwofèt sa te anwo a la e li te wè Pawòl Bondye sa. E Yo te ekri L pou li epi konfime ak Pwòp ekriti Bondye. Li te di, “Kenbe chak Pawòl, piga w ajoute yon sèl bagay oswa retire yon sèl bagay Ladann.” Nou ka li sa nan vèsè 25 e 26 Detewonòm 4.

323 Remake! Piga w ajoute Ladann, piga w retire Ladann; paske si w fè sa, Bondye ap retire pati pa w la nan Liv Lavi a. Sa montre ke ou pat semans pa Li.

324 Sonje! Tout sa Bondye pwomèt nou, tout sa Bondye di nou, tout sa yo te di w lan Non Seyè a, li te rive! Bondye pa janm fè yon pwomès vid, men Li kenbe chak pwomès Li te fè, ke L te di nou, se te Laverite. Paske ven lane sa yo, Shreveport, mwen te preche w ak pwisans Bondye, ak koutwazi pastè nou, e m ap pran nou kòm temwen jodi a. Menm fanm ki te depase laj pou gen timoun; gason, timoun, afliksyon, gerizon, pwofesi, bagay ki t ap rive, menm youn ladan yo pat janm echwe! Kounye a, rete lwen denominasyon sa yo, y ap mennan nou nan lanmò.

325 Samyèl te kanpe yon lè, e yo te di, “Nou vle yon wa, nou vle sanble ak rès monn lan.”

326 Yo...Samyèl te reponn, “Pa chwazi wa sa. L ap pran pitit gason ak pitit fi nou yo, e li va fè sesi ak sela.”

327 Li te di, “Ya, m konnen ou gen rezon.”

328 Men Samyèl te di, “Tande m. Èske m te janm pran nan lajan nou? Èske m te janm mande nou pran responsablite m? Èske m te janm egzije nou ban mwen tèl kantite montan salè pou fè yon reyinyon pou nou?” Kounye a jije noumenm, kounye a menm! Ou wè? Li te di, “Èske m te di nou yon bagay lan Non Seyè a apa sa ki te rive?” Pa menm yon bagay.

329 “O, wi, Samyèl, ou pa janm mande nou lajan, ou pa janm vle gwo bagay. Samyèl, se vre, e tout sa ou te di nou lan Non Seyè a te rive. Men, Samyèl, nou vle denominasyon nou an kanmenm!”

330 “Alò ale chwazi sa. Se zafè k gade nou.” Se annòd.

331 Nou ka panse n ap rann Bondye yon sèvis, men si nou soti nan chemen Bondye a pou fè l, n ap kontinye melanje l, ankò e ankò. O Legliz Bondye vivan an! Souple bliye fason llandè m nan ak sans fè komik mwen an, men nan senserite ak serye kè mwen, noumenm Asanble de Dye, noumenm Initè, Prezbiteryen, Metodis, pe enpòt sa nou ye, sove kouri pou vi nou. Sonje, wete kò nou la.

Nasyon yo ap demantibile, Izrayèl ap reveye l, (Y ap prepare yo pou rès sa.)

Siy ke pwofèt yo te predi;

Jou denominasyon yo konte, ak dekorasyon yo grefe,

“Retounen, O dispèse yo, al jwenn moun ou yo.”

Jou redanmsyon an pwòch,

Kè lèzòm ap kase ak laperèz;

Ranpli ak Lespri Li, netwaye lanp nou byen pwòp,

Leve tèt ou! Redanmsyon nou pwòch.

332 Èske nou kwè sa? Nou lan tan lafen, nou rive la. Ekriti sou miray la, Dezyèm vini an toupre, Lepouz la chwazi, wouze, dekoupe.

333 Bon, sa pa vle di dekoupe andeyò legliz, sa vle di dekoupe andeyò doktrin denominasyon. Nou dwe al legliz, men piga w fè pati de ankenn òganizasyon. Jezi te konn al nan tout òganizasyon yo, men Li pat janm fè pati de youn ladan yo. Non plis Li pat pran pozisyon avèk ankenn ladan yo, non se klè, men Li te pami yo. Se la ke Limyè a dwe gaye. Rete drèt kote w ye a, pou ap gaye Limyè a. Ou wè? Se pou sa Bondye ap itilize w. Yon pèp ki grangou nan kè l, fè yo konnen ke Jezikri reyèl, jis menm lan jan L te ye yè a, Li sa jodi a; e L ap sa pou tout tan.

334 Li posib, ke yon nonm oswa yon fanm ak tout senserite l, ka ap eseye fè tout posib yo pou rann Bondye yon sèvis, men ap vire nan movèz sans lan. Ak yon onksyon otantik Sentespri a sou yo, men ap vire nan sans kontrè a plan Bondye pou aj la, pou gate tout bagay la. Kounye a, si nou kwè ke se Laverite, di “Amèn.” [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a.] Nou jis sot li L. Gate tout bagay la nèt poutèt sa pat vini fason Bondye bay pou fè l la.

Annou priye.

335 O legliz, isit la e atravè nasyon an, koute sèvitè enb pa w la maten an. Èske n ap fè sa? Gade ki kote nou te ye sa fè kèk ane pase lè sa te fèk kòmanse; kounye a gade imitatè yo ki te tire pwofi de sa, e gwo milyon ak milya dola ap koule nan òganizasyon yo. Ou wè? Yo kanmenm elwaye de Pawòl Bondye a. Bilding ak òganizasyon se pa nan fason sa Bondye ap fè Lespri L vire. L ap vire L drèt nan sans Pawòl Li, pou rann Li vivan. E si w te òdone depi nan kòmansman tè a pou Pawòl sa, chak Pawòl ap vin drèt sou tèt Pawòl la. Tankou yon selil imen pap gen yon selil imen epi apres a selil chyen, apres a selil chat; sa ap selil imenm. Men sa dwe dabò yon selil pou kòmanse. Èske se vre? Di, “Amèn.” [Kongregasyon an di, “Amèn.”—Editè a.] Ebyen, si se selil Pawòl la pou kòmanse, lòt selil Pawòl yo te òdone pou rann li yon kò konplè.

336 Piga nou rete timoun piti, sèlman nan lanmou, men vin dèzòm nan Lespri epi nan jijman. Jije si wi ou non mwen te di nou Laverite . Jije si se Pawòl Bondye a ou non. Jije si se lè n ap pale ou non. Jije si bagay sa yo te pwomèt. Kounye a, èske yo konfime? Ak dè bagay ke

ankenn èt imen nan monn lan te ka fè. Men sa vin tèlman abityèl pou nou jiskaske n ap kite L ap koule drèt pou ap pase sou nou. Ret tann, legliz, ret tann.

337 Si gen youn isi a maten an ki pa konn Jezikri, ki pa nan pozisyon jistifye maten an, ke peche w yo pati kòm si w pat janm peche, e ou vle vini fason sa...paske sonje, yon jou, petèt jodi a, petèt nan senk pwochèn minit yo, men yon jou kè sa ap sispann bat. Epi anndan sa ki anndan sa pral fè wout li pou l kanpe nan Prezans Bondye pou yo jije dapre sa w te fè ak Mesaj sa maten an, dapre Mesaj sa ou wè a. Pa...Se pa mwen, mwen se jis yon pòtwa. Tankou mikwo sa, ki paka di yon mosof si m pale ladann. E m paka di anyen non plis sof si Bondye t ap pale atravè l, men nou wè Bondye te konfime l ke se Laverite. Nou vle vin yon vrè Kreyen.

338 Kounye a, nou pa gen ankenn plas pou fè apèl a lotèl, men drèt bò tab kote n chita a. Plas la ranpli a krake, ak depase moun. M pap ka rele nou a lotèl, pa gen plas la pou fè nou vin a lotèl. Men lotèl la nan kè nou. Èske nou pata ka kite ti konviksyon sa ke “Jezikri reyèl” pwoche byen pre jodi a pou rele nou vin nan rès kò Li a, pou akeyi L nan kè nou? Si L pa la, èske w vle leve men w, kòm yon siy pou Li, pou ap di, “Seyè, ranpli mwen, ranpli m ak Pawòl Ou ak Prezans Ou, pou m kapab viv pa Oumèn?”

339 Pandan ke tout tèt yo bese, tout jye fèmen, atravè tout nasyon an, leve men nou isit la nan oditwa vizib la epi deyò laba a tou; e m va ofri yon priyè pou nou. Se tou sa m ka fè, m paka ranpli sa. Bondye beni w. M paka ranpli l. Bondye beni w, ou menm. Bondye ka ranpli li. Bondye beni w. Men yo ap leve isit la nan oditwa vizib la, toupatou. “Ranpli l. Ranpli m, O Seyè. Ranpli m.” Kounye a apre m...Mèsi, sè. Mèsi, frè. Bondye beni w. Apre m...Bondye beni w, chè sè. Ou menm. Apre...M kwè kounye a m te wè pifò sa k sensè yo, k ap eseye vini, m vle leve men m avèk nou.

340 O Seyè, pa janm kite m rive nan yon pozisyon rete trankil. Kontinyèlman, Seyè, pèmèt mwen pa estope poutèt yon sèl bagay, kite m jis ap vanse, Seyè, jiskaske m konplete tout sa W te òdone m pou m fè. Pe enpòt pri a, pe enpòt sa sa koute, pe enpòt kritik, jan kwa a difisil, m ap sonje kwa Ou te pote a.

Konsa m ap pote kwa konsakre a,

Jiskaske lanmò va libere m,

Pou apres a lakay pote yon kouwòn,

Genyen yon kouwòn pou mwen.

Èske Jezi dwe pote kwa pou kont Li,

Epi tout monn lan nan lib?

Non, genyen yon kwa pou chak nan pitit Li yo,

Genyen yon kwa pou mwen.

341 Chè Bondye, Pawòl la te pwononse. Li paka retounen vid, Li va jwenn plas Li kèkpa. Si semans lan te deja plante, Li va wouze l jiskaske l grandi. E pèsounn paka retire l nan men W, “Tou sa Papa te ban Mwen ap vin jwenn Mwen, pèsounn paka retire yo nan men M. Papa M te ban Mwen yo anvan fondasyon monn lan”; lè plan an te fin byen desine, konsa, Jezi te vini pou Legliz, pou Lepouz Li.

342 Fo maryaj monn lan, ak denominasyon sa yo. Ou te vini epi Ou te mouri nan monn lan, Ou te rachte L, Ou te jistifye L, se kòmsi Li pat janm fè l pou kòmanse. Li te tonbe nan pyèj sa, te avegle. E tankou chan an di a:

Yon lè m te pèdi men kounye a yo jwenn mwen,

Yon lè m te nan Lawodise, avèg, men kounye a mwen wè.

E se lagras ki anseye kè m gen krentif,

Se te lagras ki te chase laperèz mwen yo;

Ala sa presye lè lagras te parèt

Lè mwen te fèk kwè a!

E dlo Bondye a te tonbe nan nanm mwen. Mwen t ap deseche.

343 Bondye, sou ti lotèl chak kè ki prezan isit la e toutotou nasyon an, ke dlo anba lotèl Bondye a djayi monte sou Legliz Ou maten an; pou wouze L, Seyè, pasle sezon an sou pwen fini. Ba L Lavi, Dlo Lavi, pou L kapab etann nan Prezans Fis la pou vin mi al nan gwo galata Ou.

344 Papa, m priye pou Yo. Men tij la dwe seche, kifè m paka priye pou sa; li dwe mouri, konsa li mouri. Men m priye pou Ble a, Seyè, k ap transfòme vin Kò Kris la. Akòde, Seyè, ke dlo fre Bondye a pral gade machwè L yo anba bon konprann ak dlo lajwa k ap koule sot nan jye jiskaske machin pou rekòt la va vin pran L mennen lakay. Lan Non Jezi, mwen remèt tout bagay ba Ou, Seyè; rezilta yo se pou Ou. Amèn.

[Yon sè bay yon mesaj. Espas vid sou bann lan—Editè a.] Amèn.

345 Kidonk Bondye Papa, nou remèsye W. E, Papa, nou priye pou ti sè nou an, yon èd isit la, pou reprann fòs li. M ap panse a yon moman kote m—m te vin nan prezans li, jan Lespri te vin sou li pou ba l menm mesaj ke Anj Seyè a te bay nan Rivyè a jou sa: “Menm jan Jan Batis te voye pou prepare premye vini Seyè Jezi an, yo voye w pou prepare dezyèm lan.”

346 Pou ap gade l ap pran fòm kounye a nan pati ble a, Bondye, nou remèsye W pou tout sa W te fè. Kè nou ranpli depase sa n ka eksprime. M santi m tèlman ranpli, Seyè, m jis pa konn kijan pou m di ankenn lòt bagay. Men mès, ankò, Papa pou tout sa W te fè pou nou. Atravè Non Jezikri.

Mwen renmen L,...

Annou jis chante pou Li, kounye a. Sonje, Li isit la.

Paske Li te renmen m an premye

E Li te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

347 Èske sa fè w santi w vrèman piti, vrèman piti? Vide konplètman, jis prè pou Lespri, ou wè.

Kenbe men Bondye ki pa chanje a!

Kenbe men Bondye ki pa chanje a!

Bati espwa w sou bagay ki Etènèl,

Kenbe men Bondye ki pa chanje a!

Piga w konvwate richès perisab monn sa,

Ki ap dekonpoze sitèlman rapid,

Bati espwa w sou bagay Etènèl, (Pa denominasyon, kounye a.)

Kenbe men Bondye ki pa chanje a!

Kenbe men Bondye ki pa chanje a!

Kenbe men Bondye ki pa chanje a!

Bati espwa w sou bagay Etènèl,

Kenbe men Bondye ki pa chanje a!

348 Konbyen moun k ap eseye fè sa? Leve men nou. Kounye a panche lòtbò tab la, mete men nou youn nan lòt, *konsa*, ansanm. Nou mèt chita, se kòrèk, oswa kèlkeswa sa nou vle fè a. Koute byen. Annou chante l'ansanm kounye a. Sa reprezante chèn lanmou Bondye pa nou an ki pap kase a. N ap kenbe men youn lòt paske nou kwè nan Bondye. Nou toutche youn lòt paske nou se frè ak sè, menm vibrasyon Lespri a, Pawòl Etènèl Bondye a ki abite nan kè nou ki manifeste.

Kan vwayaj nou va fini,

Si nou te fidèl a Bondye,

Kay nou nan Laglwa byen bèl ap briye,

Nanm nou k ap anlve ap wè !!

Kenbe men Bondye ki pa chanje a!

Kenbe men Bondye ki pa chanje a!

Bati espwa nou sou bagay Etènèl,

Kenbe men Bondye ki pa chanje a! (Lespri Seyè a!)

Kenbe Bondye...

Jis gade panse nou sou Li, ou wè. Sa se jan de reyinyon nou dwe tabli pou lavni.

...men ki pa chanje a!

Bati espwa nou sou bagay Etènèl,

Pawòl la se sèl bagay ki Etènèl.

Kenbe men Bondye ki pa chanje a!

Piga w konvwate monn sa...(Popilarite, edikasyon.)

K ap dekonpoze sitèlman rapid, (Gade l jodi a, sa li fè.)

Chache genyen trezò Selès yo,

Yo pap janm pase!

Kenbe men Bondye ki pa chanje a!

Kenbe men Bondye ki pa chanje a!

Bati espwa nou sou bagay Etènèl,

Kenbe men Bondye ki pa chanje a!

349 [Yon sè pale nan yon lòt lang, yon lòt sè bay entèpretasyon an—Editè a.] Ala nou remèsye W, Seyè. Alòske nou nan moman solanèl sa, prèske tankou yon fineray, paske n ap fè fas a yon monn nan lanmò, k ap mouri; yon legliz nan lanmò, k ap mouri.

O Bondye, rasanble ble Ou rapidman, Papa. Vini rapidman, Seyè Jezi.

350 Beni pèp Ou, Papa, mennen senserite ak pwofondè nan kè pèp la. Ke nou soti nan dans frajil ak blad gonfle sa yo, pou tabli nou nan richès pwofon siwo myèl Bondye a. Akòdel, Seyè. Kenbe kè nou etabli nan lanmou ak senserite.

351 Beni pèp Ou toupatou, Papa. Pandan n ap kite plas sa ke nou ale lan Non Seyè Jezi pou eksprime sa ki sensè, sa ki Vrè, sa ki jis, ke nou renonse a sa ki movè, Seyè. Lè yon nonm kòmanse ap bannou manti, ke nou kapab rapidman vire do nou tounen ba li, tounen bo bay tout salte, blag sal ak bagay monn lan, pou jis tounen do a l fè wout nou. Ede nou, chè Bondye. Moule nou, fabrike nou, brize nou, epi rann nou dapre imaj pitit fi ak pitit gason Bondye pou nou ka aji ak vèti Sentespri a. Nou remèt tèt nou ba Ou, ak men nou chak youn sou lòt, lan Non Jezikri. Amèn.

Annou kanpe. Frè Nolan.